ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ЛЫГЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№194 (21.102) ● 2007 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 4, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Дыгъуасэ

Творческэ гупхэр Мэзкуу кІуэну ежьащ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралым зэрыхьихьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур Мэзкуу щагъэтъэпІэну дыгъуасэ ежьащ республикэ унафэщІхэмрэ творческэ гупхэмрэ.

УРЫСЕЙМ и щыхьэрым кІуэ «Кабардинка», «Балкария» къэфакІуэ гупхэм, адрей артистхэм ехъуэхуащ ахэр езыгъэжьахэм яхэта КъБР-м щэнхабзэмрэ хьибарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ министрым и хьуэдэ **Джэрыджэ Арсен.** - «Си гуапэщ мыпхуэдэу нэжэгужэу псори фезгъэжьыну. Апхуэдэ дыдэу, ди республикэм и пщІэр нэхъ пьагэжу Мэзкуу щыфІэтауэ къэвгъэзэжыну сынывохъуэхъу».

АдэкІэ кІыхьэхуэсахэм захуигъэзащ КъБР-м и Президентым и чэнджэщагъу **Думэн Хьэсэн** икІи кІыхьигъэщащ мы махуэхэр ди республикэм и мызакъуэу, Урысей псом и тхыдэм игъащІэкІэ кІыхьэрыхэнжьынур. Ар кІэщІу къытеувыІащ илъэс 50 и пэкІэ маухэшхэр зэрагъэлъэпІауэ щытам. «Фэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ зэрызэгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур щыхьэрым щывгъэлъэпІэну дзыхь кьыфхуащІащи, ар сыт и лъэныкъуэкІи вгъэпэжыну дыфщоугъу», - жиІащ Думэным.

- Дэ нобэ кьаІэнышхуэ пщэрылъ кьытащІауэ Мэзкуу драгъажьэ. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я щэнхабзэхэм я махуэу Кремль Уардэунэм кьыщызэІуахыным екІуу зыкъыщыдгъэлъэгъэнщ, - жиІащ «Кабардинка» къэфакІуэ ансамблым и художественэ унафэщІ **Атэбий Игорь.**

КъБР-м и Іыкі Іуэхэр адыгэ джэгушхуэкІэ Налшык и гъущІ гъуэгу вокзалым щрагъэжьащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

●●● ●●●

хаков Камиль Урысейм щыпалъэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и къудэгу ягъэуващ.

Апхуэдэ щыкІэкІэ министрыщІэ Козак Дмитрий и дэІэныкъуэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэхэр тху ирикъуащ. Исхаковым и нэІэ тетынущ Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ.

Сом мини 8-м нэскІэ

Къэрал Думэм япэ еджэгъуэкІэ кьищтащ сабий зыгъуэта цІыхубзым ират ахъшэр сом мин 23-рэ 400-м нэгъэсыным теухуа унафэм и проектыр.

Нэхъыбэ дыдэу иджыри къэ ятха сом 16125-мкІэ мыарэзыуэ Конституцэ судым тхьэусыхат улахуэ ин зиІа цІыхубзыр. Судыр абы и лъэныкъуэ хъуащ.

ИщІагъ палатэм ЦІыхубзхэмкІэ, унагъэхэмкІэ, сабийхэмкІэ и комитетым и унафэщІ Лахов Екатеринэ къелІыгъэ а ахъшэр дяпэкІэ нэхыбжэк хъуну.

Сытым кьыхэкІа?

Управленческэ институт Москва дэтым кьыщыхьуа мафІэсым щыхуи 9 хэкІуэдащ, 50-м щІигъу сымаджэщхэм яшащ. Москвадэхэм зы хуат пасыщыщагъэм фэжьыщхуэ хэзыхахэм.

Сыт мафІэсыр кьызыхэкІар? Хабзэхъуэмэхэм хуагъэфащэ электрокьару зэрыкІуэ кІапсэхэр зэрымытэмэмыр щхьэусыгъуэ зхьуауэ. Ауэ кІуэ пэтми нэхъ трагъащІэ хъуащ бзаджащІэ гуэрхэм унэм мафІэ щІадзауэ щытыпкІэ зэрыхъунум.

Украинэм и щыхуэр

Газпромым къызэритымкІэ, абы и щыхуэу Украинэм теухуа доллар мелардэ мелуан 300-рэ, Украинэм и правительствэм жеІэ щыхуэ гуэри темылъу.

Дауэ щымыоми, Урысейм къухьапІэ къэралхэм ярит газыр Украинэм и зэранкІэ къызэтемыувыІэну жаІэ.

Я телъхьэ къащІын мурадкІэ

ЛДПР-м и унафэщІ Жириновский Владимир я пашэу партэ унафэщІхэр мафІэгукІэ гъэзэгу теХьащ.

Ахэр станц 38-м кьыщыувыІэнущ, хэхакІуэхэр езыхэм я телъхьэ кьащІынур мурадкІэ. Мы тэманым ЛДПР-м и мафІэгур Дон Іус Ростов щыІэщ.

(ИТАР-ТАСС).

Етхуанэ къуэдзэ

УФ-м и Президентым и Іыкі Іуэу Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ щыІа Исхаков Камиль Урысейм щІыналъэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и къудэгу ягъэуващ.

Апхуэдэ щыкІэкІэ министрыщІэ Козак Дмитрий и дэІэныкъуэгъу нэхъ гъунэгъу дыдэхэр тху ирикъуащ. Исхаковым и нэІэ тетынущ Сыбырымрэ КъуэкІыпІэ Жыжьэмрэ.

♦Жэпуэгъуэм и 4 - 10-хэр Хъэршым и дунейпсо тхьэмахуэ зэхуакуш.

♦УФ-м и МЧС-м граждан зыхьумэжьныгъэмкІэ и дзэхэм я махуэщ. Илъэс 75-рэ и пэкІэ (1932 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м) СССР-м и СНК-м кьищтащ ССР-хэм я Союзым и уэгъу хьумэным теухуа хабзэр.

♦Космосыдзэхэм я махуэщ

♦Душанбе (Таджикистан) СНГ-мрэ Зэгъусэу шынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным теухуа зэгурыІуэныгъэмрэ хэтхэм нэгъуэщІ къэрал Іуэхухэмкіэ я министрхэм я советым и зи чэзу зэІуцІэ щекІуэкІынущ.

♦Жэпуэгъуэм и 4 - 17-хэм Чикаго (США) щекІуэкІынущ 43-нэ дунейпсо кинофестивальр.

♦Жэпуэгъуэм и 4 - 12-хэм Пусанэ (Корее Республикэ) щекІуэкІынущ дунейпсо кинофестивальр.

♦1986 гъэм кьызэрагъэпэщащ «Іуащхьэмахуэ льапэ» къэрал лъэпкъ паркыр.

♦Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэти 7-рэ дакьыкьи 9-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 18-рэ дакьыкъэ 43-м.

♦Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьыкъэ 34-рэ.

ПІлъэкІэр зыгъэхьэзырыр **ШАЛМУрыхьэмэщ.**

Зи щІыхуэ птелъым уриІуэхутхьэбзащІэщ.

●Хъыбар гуапэ

Кавказым и макъ

Псыхуабэ ящыблагъэ кьыщыдзкІащ ар зи фІэщыгъэцІэ альманахым («Голос Кавказа») и япэ номерыр. Абы щызэхуэхьэсащ Кавказ Ищхьэрэм ис лъэпкъхэм - урысхэм, адыгэхэм, балъкъэрхэм, кьэрэшейхэм, осетинхэм, шэшэнхэм, ингушхэм, кьалмыкьхэм я тхакІуэхэм, усакІуэхэм, публицистхэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм я лэжьакІуэхэм я Іэдакъэ кьыщІэкІа тхыгъэ купщІафІэ куэд.

ЛЪЭПКЪ литературэхэмрэ щэнхабзэмрэ нэхъри благъэ зэхуэщІын, ахэр льагапІэщІэхэм ебгъэрыкІуэныкмкІэ дэІэпыкъуэгъу хьун - аращ альманахыр кьыдэзыгъэкІхэр зыхуащІэкъунур. Альманахым апхуэдэ кьалэн зэриІэм, ар абы зэрыхуэзэфІэкІынум щэч кьытраухьэркъым Ставрополь краим и губернатор Черногоров Александр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, Къалмыкъ Республикэм и Іэтащхьэ Илюмжинов Кирсан, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ Катренкэ Владимир сымэ, Кавказ Ищхьэрэм и тхакІуэ Союзэм я унафэщІхэм - ахэр йоихъуэху кьыдэкІын щІэзыдза альманахым, я гуапэщ абы и гъуэгур кІыхь хьумэ, и кьарур кьебл эзпытурэ зиужьмэ.

Альманахым и яп номерым традзащ кавказтхакІуэ, усакІуэ, щэныгъэлІ куэдым я тхыгъэ купщІафІэхэр. ДэркІэ хьэлэмэтщ, псалъэм папщІэ, пасэрей дзэпщ цІэрыІуэхэм - Мстиславрэ Ридадэрэ я ятеухуауэ Маркелов Николай зэхуихьэсыжа хьыбархэр.

«Кавказым и макъыр» кьыдэзыгъэкІхэм зэрамурадымкІэ, ар дяпэкІэ щэхъщІэхьуурэ дунейм кьытехьэнущ. Альманахым и редколлегием хэтщ Мэшбащ Исхьэкъ, Бэчыкъ Лейлэ, Созаев Ахьмэт сымэ.

КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.



Кулиев Къайсын и утым

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Балъкъэр усакІуэшхуэ Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ утым мы махуэхэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ. Куэд льандэрэ илъа плиткэхэр кърахьыжащ, зэрымыдахэм кьинэмыщІауэ, ущызекІуэнуи щынагъуэти.

ХуэмакІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, лэжьыгъэр куэд мэхъу, ауэ я зэфІэкІ псори ирахьэлІэнущ усакІуэр кьыщалъхуа щэкІуэгъэуэ мазэм ирихьэлІэу псори зэфІэгъэкІыным. Араущ, махуэ зыбжанэ дэкІмэ, а утри дахэ икІи захуэ хьунущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

Щымахуэм зыхуагъэхьэзыр

Уиэхэр гъэпсын щІадзэным иІэжьр махуэ бжыгъэщ. «Надзыкьтеплоэнерго» ОАО-м и инженер нэхъыщхьэ Уэзрокъуэ Залым зэрыжиІамкІэ, абыхэм кьегъэщІыпІа котельнэ 45-р щымахуэ лъэхъэнэм сыгкІи хуэхьэзырщ. Псы пштыр зэрыкІуэу щІым щІэтэ бжьамийр километри 182-рэ мэхъу, абы щыщу куэдыр щІэкІэ зэрахьэкІащ.

АПХУЭДЭУ зыхуэ ещхьэзэжащ псыр кьыщыпхнуда щІыпІэу 38-рэ.

- Сом мелуан 38-рэ текІуэдащ а лэжьыгъэхэм. Иужьрей илъэсхэр кьапщтэмэ, мы гъэм кьыдата ахьшэм хуэдиз зэи кьытхуаутІыпщакьым. Щэч хэмылъу, абы ди Іуэхур игъэпсынщІащ, - жеІэ Уэзрокъуэм.

КІЭБЫШЭ Лилэ.

Гъэжьакіуэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ

Мейкьуапэ дэт республикэ театрым жэпуэгъуэм и 1-м щагъэлъэпІащ Адыгейм и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр. Къэрал саугъэтхэр зрата егъэжакІуэ 37-м яхэтащ урысей зэхьэзэхуэм сом мини 100 гранту кьыщыдзыхьажьмрэ щІыналъэм и президентым и унафэкІэ саугъэту ягъэува сом мин 30-р зыхуагъэфэщажьмрэ.

АДЫГЕЙМ и премьер-министр Саможенков Владимир кьыхигъэщащ щІыналъэм и егъэджакІуэхэм щхьэкІэ ягъэува республикэ саугъэтыр илъэс кьакІуэ щІыналъэм кьыхьалъхьэну.

Тыркум кьикІа хьэщІэхэм яхэтащ Абхьазым кьэІэпхьуэжьыну мурад зыщІа унагъуитІ. Адэжь щІыналъэм япэу кьэкІуэ, Анкара щыпсэу Папаа Бейтул зэІуцІэм кьыщыхигъэщащ Абхьазым щрилъэгъуамкІэ зэрыарэзыр, демократиер щытепщэ кьэралыгъуэу ар зэрыщытми зэрыщыгуфІыкІыр.

Бэгъэпщ Сергей жэпуэгъуэм и 17-м Тыркум лэжьыгъэ Іуэхухэр кІуэнущ.

Жылагъуэхэр ягъэкъабзэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм мыгувэу щагухуэнущ кІэрыхуфбжьэрыкухэм, пхьэнкІийм елэжь зэвод. Абы хухахащ гектарибл.*

Заводыр здащІыгъуэ щыпІэм деж иджыблагъэ япэ щыпІэдзауэ хэхъуауэ зэратынур.

А махуэ дыдэм республикэм щагъэпэщащ зи ныбжьыр илъэси 100-м щхьэдэха нэхъыжьыфІхэр. Апхуэдэхэу Мейкьуапэ дэсыр щыхуипщІыжьыу. Абыхэм саугъэт плъапІэхэр, Іэфы кІэ, ерыскъыхэкІхэр ираташ.

Къуэшхэм яІуощІэ

АБХЪАЗ. *Республикэм и президент Бэгъэпщ Сергей пажьблагъэ яІуощІащ Іыркум щыпсэу и лъэпкъэгъу бизнесмэнхэм. Ахэр тепсэлъыхьащ щІыналъэм щыІэ щытыкІэм, абы и псэукІэм.*

БЭГЪЭПЩ Сергей и лъэпкъэгъу бизнесмэнхэр кьыхуриджащ республикэм и экономикэм нэхъ жыджэру хэлыфІыхьыну, инвестицэхэр щыпІэдзауэ щІыналъэм и егъэджакІуэхэм щагъэпэщащ щІыналъэм и щІыпІэ зи ныбжьыр илъэси 100-м щхьэдэха нэхъыжьыфІхэр. Апхуэдэхэу Мейкьуапэ дэсыр щыхуипщІыжьыу. Абыхэм саугъэт плъапІэхэр, Іэфы кІэ, ерыскъыхэкІхэр ираташ.

Іуащхьэмахуэ Гъуэгу управленэм къегъэщІыпІа гъэгуэгъэм я кІыхьагъым километр тІощкІэ хэхуащ Кьыр-Кьыртых хьупІэм екІуэу гъуэгущІэ зэраухуам и фІыгъэкІэ.

УПРАВЛЕНЭМ и лэжьакІуэхэм мы бжьыхьэм лэжьыгъэшхуэ кьрахьэлІащ. Абы и унафэщІ Ахматов Мурадин щыгъуазэ дыдзэрищІамкІэ, мы илъэсыр кьызэрихьэрэ 18-рэ кьуршым уэсукъуэхэ кьэхати, ар лъэужьыншэу ягъэзэкІуэжащ, зы гъуэгу Іыхьэр зыбжанэрэ щагъэхъэбзэж къэхъуми. Иужьыпсту лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ альпинист лагерхэмрэ турист базэхэмрэ екІуалІэ гъуэгуэгр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ.

Зи гугъу тщІа щІыпІэхэм гъуэгу тэмэм щыхуэным трагъэкІуэдащ асфальт тонн миным нэс. Управленэм кьыпэщылъщ Іуащхьэмахуэ куэйм и жьыгагъуэ щхьэхуэхэм щаухуэ гъуэгуэхэр мы илъэсым и кІэм нэсыху иухьн хуейуэ. Апхуэдэу дунейр щІыІэ мыхъу щІыкІэ ираушэлІэнущ щтырагъуэм гъуэгу фэбжь кьыщыдыхьун папщІэ тракІуэтэ пшахьэхуэр, щыгъуэ. Зэрылэжьэну техникэри щІымахуэм хуагъэхьэзыращ.

САФРОНОВ Анатолий.
Іуащхьэмахуэ куей.

●Гъуэгухэр

Бгылъэ щІыпІэхэм хуосакъ

Іуащхьэмахуэ Гъуэгу управленэм къегъэщІыпІа гъэгуэгъэм я кІыхьагъым километр тІощкІэ хэхуащ Кьыр-Кьыртых хьупІэм екІуэу гъуэгущІэ зэраухуам и фІыгъэкІэ.

УПРАВЛЕНЭМ и лэжьакІуэхэм мы бжьыхьэм лэжьыгъэшхуэ кьрахьэлІащ. Абы и унафэщІ Ахматов Мурадин щыгъуазэ дыдзэрищІамкІэ, мы илъэсыр кьызэрихьэрэ 18-рэ кьуршым уэсукъуэхэ кьэхати, ар лъэужьыншэу ягъэзэкІуэжащ, зы гъуэгу Іыхьэр зыбжанэрэ щагъэхъэбзэж къэхъуми. Иужьыпсту лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ альпинист лагерхэмрэ турист базэхэмрэ екІуалІэ гъуэгуэгр зыхуей хуэгъэзэнымкІэ.

Зи гугъу тщІа щІыпІэхэм гъуэгу тэмэм щыхуэным трагъэкІуэдащ асфальт тонн миным нэс. Управленэм кьыпэщылъщ Іуащхьэмахуэ куейм и жьыгагъуэ щхьэхуэхэм щаухуэ гъуэгуэхэр мы илъэсым и кІэм нэсыху иухьн хуейуэ. Апхуэдэу дунейр щІыІэ мыхъу щІыкІэ ираушэлІэнущ щтырагъуэм гъуэгу фэбжь кьыщыдыхьун папщІэ тракІуэтэ пшахьэхуэр, щыгъуэ. Зэрылэжьэну техникэри щІымахуэм хуагъэхьэзыращ.

САФРОНОВ Анатолий.
Іуащхьэмахуэ куей.

2007 гъэм и яп илъэс ныкъуэм Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм фокІадэм и 11-м №232-ПП

2007 гъэм и яп илъэс ныкъуэм Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Чернышевэ О.Н. жиІам едгъуауэ, Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еиІ:**

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр 2007 гъэм и яп илъэс ныкъуэм гъэзэщІа зэрыхьуамкІэ отчетыр къэщтэн икІи хэпІэн щхьэкІэ Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым егъэхьан.

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ ЯРИН Андрей

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм щыщхьэІум и 24-м кьищта Унафэ №217-ПП-м зэхъуэкІынырэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм фокІадэм и 18-м №238-ПП

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еиІ:**

1. «Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министрэм и Іуэхукі» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2006 гъэм щыщхьэІум и 24-м кьищта Унафэ №217-ПП-м мыпхуэдэ зэхъуэкІынырэхэр хэлъхьэн:

2-нэ пунктым «цІыху 314,5-рэ» псалъэхэр «цІыху 310-рэ» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын, «сом зы мелуанрэ мини 139,5-рэ» псалъэхэр «кьулыкъу улахуэхэмкІэ сом зы мелуанрэ мин 248,9-рэ» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын, «цІыху 204,5-рэ» псалъэхэр «цІыху 204-рэ» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын, «сом мин 709,6-рэ» псалъэхэр «кьулыкъу улахуэхэмкІэ сом мин 772,8-рэ» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын;

3-нэ пунктым мыпхуэдэ зэхэлъыкІэ иІэу кьхъын:

«3. Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэр хуит щІын нэгъуэщІ кьалэн зи пщэм дэмылъ зы министр кьуэдзэ, департаментхэм я унафэщІхэу - министр кьуэдзэхэу тІу, цІыху 19 зыхэт коллегие иІэну».

2. Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэм теухуа Положеиэу а унафэмкІэ кьащтам мыпхуэдэ зэхъуэкІынырэхэр хэлъхьэн:

12-нэ пунктым кьару имыІэжу кьэлъытэн;

16-нэ пунктым абзац дэщІыгъуэм мыпхуэдэ зэхэлъыкІэ иІэу: «Министерствэм зэреджэк: зыубгъуауэ - Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныныгъэмкІэ и министерствэ, гъэкІэщІауэ - КъБР-м и Минлэжьыгъэсоцзыужьныныгъэ».

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ ЯРИН Андрей

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2004 гъэм щыщылъэм и 16-м кьищта Унафэ №9-ПП-м зэхъуэкІынырэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2007 гъэм фокІадэм и 18-м №241-ПП

«Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу ахъшэ зыхуаутІыпщ ухуэныгъэ объектхэр страховани щыным и Іуэхукі» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2004 гъэм щыщылъэм и 16-м кьищта Унафэ №9-ПП-р «Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэщІу предприятэ «Зыу щыт заказчикым и дирекц» жыхуиІэр кьызэгъэпэщыным и Іуэхукі» 2006 гъэм фокІадэм и 21-м, Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкІэ и министерствэм «Капитальнэ ухуэныгъэмкІэ управленэ» жыхуиІэ и къэрал Іуэхукі ІанІэр зэхуэщІыкыным и Іуэхукі» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм зэрызэкІэпыкІуэу кьищта Унафэ №264-ПП-м, №179-ПП-м езгъэ щІын мурадкІэ Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ еиІ:**

«Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу ахъшэ зыхуаутІыпщ объектхэр страховани щыным и Іуэхукі» Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2004 гъэм щыщылъэм и 16-м кьищта Унафэ №9-ПП-м мыпхуэдэ зэхъуэкІынырэхэр хэлъхьэн:

1) 1-нэ пунктым и яп абзацыр мыпхуэдэ зэхэлъыкІэ иІэу кьхъын:

«1. Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кІэзонэ предприятэ «Зыу щыт заказчикым и дирекц» жыхуиІэм (Машкин Е.С.), Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм Зыу щыт къэрал заказчикымкІэ и Іэнатіэм (Едзэч М.В.), Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым кьыхэкІыу ахъшэ зыхуаутІыпщ ухуэныгъэ объектхэм я заказчикхэм ягъэува хабзэм тету:»;

2) 6-нэ пунктым «Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкІэ и министерствэ» псалъэхэр «Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм Хуэныгъэмрэ архитектурэмкІэ и министерствэ» псалъэхэмкІэ щызэхъуэкІын.

Къбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ ЯРИН Андрей

Дыгъуасэ радиоуплотнителым

Щыналъэм и къэкІуэнум топсэлъыхь

АДЫГЕЙ. **Республикэм и президентым и пресс-Іуэхущапіэм кьыщэритамкІэ, Урысей Федерацэм щыщыІэ финанс щытыкІэм теухуа урысей-франджы зэІуцІэ Адыгей къэрал университетым иджыблагъэ щекІуэкІащ.**

ПРЕСС-Іуэхущапіэм и лэжьакІуэм зэрыжиІамкІэ, зэІуцІэм хэтащ ЩІэныгъэхэмкІэ урысей академием и академик Ивантер Виктор, экономикэмкІэ доктор Сапир Жак, Адыгей къэрал университетым и унафэщІ Хьунэгу Рашид, экономикэмкІэ факультетым и декан КІэрашэ Азнаур сымэ Іущащ республикэм и унафэщІ Тхьэйгуныкэ Аслъэндэхэрий. Ахэр тепсэлъыхьащ Урысей Ипщэм и щІыналъэхэм, Адыгеймрэ щыщІэ экономикэ щытыкІэм.

Сапир Жак зэІуцІэм кьыщырыщыигъэщамкІэ, 2014 гъэм Олимп Джэгуэхэр щрагъэкІуэкІыну Сочи кьалэр Адыгеймрэ зэрыпэгъэнэгъуэм республикэм и экономикэм фІыуэ зрагъэужьыкьи иригъэгъуэтын хуейщ. ИкІи щапхъэу кьихьащ 1968 гъэм екІуэкІауэ щыта Олимпиадэм Гренобль кьалэр цІэрыІуэ икІи кьулей зэрищІар. Абы и пэ ар зыщІхуэу щытар мащІэщ.

Егъэджакіуэхэмрэ нэхъыжьхэмрэ

Мейкьуапэ дэт республикэ театрым жэпуэгъуэм и 1-м щагъэлъэпІащ Адыгейм и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр. Къэрал саугъэтхэр зрата егъэжакІуэ 37-м яхэтащ урысей зэхьэзэхуэм сом мини 100 гранту кьыщыдзыхьажьмрэ щІыналъэм и президентым и унафэкІэ саугъэту ягъэува сом мин 30-р зыхуагъэфэщажьмрэ.

АДЫГЕЙМ и премьер-министр Саможенков Владимир кьыхигъэщащ щІыналъэм и егъэджакІуэхэм щхьэкІэ ягъэува республикэ саугъэтыр илъэс кьакІуэ щІыналъэм кьыхьалъхьэну.

Тыркум кьикІа хьэщІэхэм яхэтащ Абхьазым кьэІэпхьуэжьыну мурад зыщІа унагъуитІ. Адэжь щІыналъэм япэу кьэкІуэ, Анкара щыпсэу Папаа Бейтул зэІуцІэм кьыщыхигъэщащ Абхьазым щрилъэгъуамкІэ зэрыарэзыр, демократиер щытепщэ кьэралыгъуэу ар зэрыщытми зэрыщыгуфІыкІыр.

Бэгъэпщ Сергей жэпуэгъуэм и 17-м Тыркум лэжьыгъэ Іуэхухэр кІуэнущ.

Жылагъуэхэр ягъэкъабзэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Республикэм мыгувэу щагухуэнущ кІэрыхуфбжьэрыкухэм, пхьэнкІийм елэжь зэвод. Абы щхьэкІэ зыхуеину техникэр кьащэхуауэ, пхьэнкІийр щызэхуахьэс контейнерхэр экІэ районитІым щагъэуващ.*

ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Экономикэ Политикэ
Махуэку
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

Сыт дэ диIэр?

●Къэралым и щэху

Къэралым и стратегие гъэтIылъыгъэ хэм я хъумапIэхэм щIыхьэфынухэр куэд хъуркъым. Урысейм и гъэтIылъыгъэхэр сыт щыгъуи щытащ нэхъ хэIущIыIу ямыщI IэнатIэу. Къэралым и Iуэхухэр хуабжьу зэIыхьэмэ, сыт дэ къытпэплъэр? Ар зыщIэр къэралым и унафэщI нэхъыщхьэхэрщ. Дэ, журналистхэм, къыджаIащ тлъагъу псори ттхы зэрымыхъунур: «Зыщывмыгъэгъупщэ: а гъэтIылъыгъэхэр зыхуэдэр икIи зыхуэдизыр къэралым и щэху дыдэщ. Iэ щIэвдз мы тхылъымпIэм».

ДИ КЪЭРАЛЫМ и стратегие гъэтIылъыгъэхэр икъукIэ сакъыу щахъумэ щIыпIэм дэ Москва дикIри сыхьэтитIкIэ дыкIуащ. А зэманым дэ дыхуаущиящ зэрызытIыгъынум, дызыщIэупщIэнухэм. УзыщIэупщIэ мыхъунури къыдгурагъэIуащ. Репор терхэр хуиткъым я закъуэ «Хэкум и гуэнхэм» къыщакIухьыну, хуит къамыщIу сурэт трахыну. ЛэжьакIуэхэм я унэцIэхэр зрагъэщIэну.

Сытыт дэ тщIэр гъуэгум дыщытехьэм? Зауэ е нэгъуэщI насыпыншагъэ къэ хъумэ, къагъэсэбэпын мурадкIэ гъэ тIылъыгъэхэр илъэс 76-рэ и пэкIэ къызэрызэрагъэпэщарт. 1930 гъэхэм СССР-м Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжыныгъэмкIэ и Советым и деж Резервхэмкiэ и комитет къыщызэрагъэпэщар зэлэжьыр зыщIэр цIыху закъуэтIакъуэт. Ауэ иджыри ди гъэ тIылъыгъэхэр зыхуэдэм, зыхуэдизым щыгъуазэр мащIэ дыдэщ. ЛэжьакIуэ къызэрыгуэкIхэр мэгушыIэ: «Гузэвэгъуэ къэхъумэ, дэ къызыкъуэ тхынущ псори: мастэ-Iуданэм къыщыщIэдзауэ космос IэмэпсымэхэмнэсыхуIэ». Ауэ ар гушыIэ къудейуэ къыщIэкIынукъым. Мы зэманым гъэтIылъыгъэхэм къахэбгъуэтэнущ мастэ-Iуданэри, ухуэныгъэм ирахьэлIэ пкъыгъуэхэри, хьэлъэзешэ хэри, электростанцхэри, нэгъуэщI Iэджи. МазищкIэ цIыхухэр зрикъун ягъэтIылъащ.

- Тхъумэн папщIэ къыхыдох ерыскъыпхъэ, хьэпшып нэхъыфI дыдэхэр, - жеIэ комбинатым и унафэщI Алексей (и унэцIэр къитIуэну дыхуиткъым). - Ахэр псори къэрал пщалъэ хэм къитIасэу щытын хуейщ. Псалъэм и хьэтыркIэ, тушенкэм ехьэлIауэ иджыри къэс къагъэсэбэп СССР-м и зэманым щыIа къэрал стандартыр. Абы къыдэкIуэу, къытIэрыхьэ псори къэпщытэныгъэ ткIий дыдэм щIэтщ. Къыдэзыщэнухэр зэпеуэкIэ къыхыдох. Абыхэм лиценцэ езытри ФСБ-рщ.

Комбинатым щахъумэ шыгъу, фошыгъу, лы, бдзэжьей консервхэр, лы гъэщта, нэгъуэщI куэд. ПIалъэм ткIийуэ кIэлъоплъ. Тушенкэр, псалъэм и хьэтыркIэ, щIэлъщ илъэсиплIкIэ, ауэ лыр илъэситI нэхъыбэкIэ яхъумэ хъунукъым. ПIалъэр нэсыным зы илъэс иIэжу ерыскъыр дзэм хурагъашэ е тыкуэнхэм щIалъхьэ. Ауэ а зэманым хъумапIэхэр нэщIу щагъэтыну хуиткъым - къэхъунур пщIэркъым.

Мы гъэм и гъэмахуэм Невельск щIыр щыхъеящ. Къулейсызыгъэ зылъысахэм къэрал гъэ тIылъыгъэхэм щыщу иратащ чэтэн пщыIэ цIыкIухэр, хьэкухэр, тепIэнщIэлъын, нэгъуэщIхэри. 2000 гъэм и щIымахуэм щIыIэм зэщIиубыда щIыналъэхэм гъэсыныпхъэ хурагъэшащ. Стратегие гъэтIылъыгъэхэм къыхахри, 2005 гъэм Беслъэн - террористхэм удын хьэлъэ зрадза къалэм - медицинэ Iэмэпсымэхэр хурагъэшащ.

ХъумапIэхэр къэрал псом щикъухьащ. Нэхъыбэр яухуащ 1940 - 1960 гъэхэм. Ахэр сакъыу яхъумэ. Дэ дыздэщыIа комбинатыр щIы щIагъым щIэтщ - аращи, лагъым къауэкIэ къылъэIэсынукъым. ИIэщ дизель электростанц, мафIэсгъэункIыфIхэр, хъумакIуэхэр. ГъущI гъуэгу йокIуалIэ.

Комбинатыр ирогушхуэ езым и инагъым. Абы дыщIыхьэну хуит зыкъедгъэщIын папщIэ аргуэру тхылъымпIэм Iэ щIыдодз. Къыдата щыгъын хэхар щыдотIагъэ. Апхуэдэ фащэ зэрахьэ комбинатым щылажьэ псоми. ИужькIэ къыдгурыIуащ абы и щхьэусыгъуэр.

- ЩIыIалъэм сыт щыгъуи зы температурэ щыIэн хуейщ, - къызжиIащ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ Наталье. - ЩIыIэр градус 25-м къех, псыIагъэ щыIэ хъунукъым. Ерыскъыр нэхъыфIу хъума зэрыхъуну Iэмалхэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щаубзыхуащ.

IуэхущIапIэм и лэ жьакIуэхэм драгъусэу дэ пэшхэм ящыщ зым дыщIо хьэ. БауэкIэщI до хъу: гугъущ хуабэм ухэтауэ зэуэ щIыIэм ухыхьэну. Доплъ этикеткэхэм. Т хъуцIынэр нэгъуэщI къэрал щагъэхьэзыращ.

- Сыт дыдейуэ щIыщымытыр?

- Дэ диIэщ ди къэралым щагъэхьэзырахэри, - жэуап къыдетыж комбинатым и унафэщIым, - ауэ, сэ зэрывжесIащи, дэ къыхэтхыр нэхъыфI дыдэхэрщ.

- 1990 гъэхэм я пэщIэдзэм къэрал гъэтIылъыгъэ хэр кIуэдыж пэтащ. НэгъуэщI республикэхэм щыIа хъумапIэхэр «хамэ» хъуащ. Езы IэнатIэм илъэси 10-кIэ ахъшэу хуаутIыпщар мащIэ дыдэщ. Куэд щIакъым ди комбинатыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрызэрагъэпэщыжрэ, - жеIэ унафэщIым и къуэдзэ Александр. - Абы щыгъуэщ ерыскъыр зэрагъэщIыIэ IэмэпсымэщIэхэр щагъэувари. Пэжщ, ахэри нэгъуэщI къэралхэм, щхьэтечу жыпIэмэ, Германием щащIащ. Нэхъ шынагъуэншэщ, бгъэлэжьэн папщIи аммиакыу узыхуейри нэ хъ мащIэщи.

АрщхьэкIэ лIэщIыгъуэ никъуэм щIигъукIэ къагъэсэбэпа Iэмэпсымэхэри хыфIадзэжыркъым. Ахэр зыщIэт пэшышхуэ хэм ящыщ зым лы гъэщта щIэлъщ. И теплъэкIэ ар мыл унэм ещхьщ, и блынхэр сытхъум щIигъэнащ. Пэшым щызэтелъщ килограмм 80-м къыщыщIэдзауэ килограмми 120-м нэс былымыл Iыхьэхэр.

- ПIалъэр нэблэгъа иужь, дыдей къокIуэ ерыскъыпхъэ хэр зэтщэхэр, - къыдгурегъаIуэ Наталье. - Лыр техникэкIэ рефрижераторым иралъхьэ. Пэшыр нэщI зэрыхъуу дэ ар къыдогъэвыж, сытхъур блынхэм къыкIэрыдотхъунщIыкI, мылыр къыкIэрыдоуд.

ЖаIэж мы пэшым зэрымыщIэкIэ зы щIалэ жэщым къыщIэнауэ щытауэ. Ар гужьеякъым. ЩIыIэм имысын папщIэ, былымылыр игъэIэпхъуэу нэ ху щыху щIэтащ.

- Апхуэди къэхъункIэ хъунущ, - мэдыхьэшх Наталье. - Ауэ иджы блыным храгъэубыдащ зытекъузэн хуей кнопкэ цIыкIу. Диспетчерым занщIэу цIыху къигъэкIуэнущ.

Комбинатым и унафэщIхэм къалъытэ былымылыр зэпкърымыхауэ хъумэныр къемызэгъыжу. Нэхъ тэмэмщ зэпкърыхауэ икIи хъуржынхэм ярылъу гъэтIылъыныр. Ар экологие и лъэныкъуэкIи нэхъыфIщ.

Дэ комбинатым махуэ псом дыщыIащ. Журналистхэм ди хьэлщ никъусаныгъэ гуэрхэр къэ тлъыхъуэныр. Ауэ апхуэдэ никъусаныгъэхэр зэрыщымыIэр ди гуапэ хъуащ. Дэ къытпэплъэр, къытщыщIынкIэ хъунур зыми ищIэркъым. Къэрал гъэтIылъыгъэхэр щIыщыIэр къулейсызыгъэр къэмыгъэхъунырщ.

ТУЧКОВЭ Светланэ.
«Труд».

Жэпуэгъуэм и 1-м УФ-м и Къэзыбж палатэм (СП) и коллегием зэдэарэзыуэ Iэ щаIэтащ аудитор Абрамов Сергей дзыхь хуэмыщIыным и телъхьэу икIи абы Къэрал Думэм зыхуигъэзащ и пIалъэр къэмысу ар а къулыкъум трагъэкIыну елъэIу у. Иужь мазэм палатэм и лэжьакIуиплI ягъэкъуэншащ Iулъхьэ IуэхукIэ. Абыхэм ящыщу щыр Абрамовым и лэжьакIуэт.

Къэзыбж палатэр куэд щIауэ къокIуэкI нэхъ IуэхущIапIэ зэхуэщIа дыдэхэм ящыщу. И къэпщыт эныгъэхэм къикIуахэр зыхуэфащэ органхэм яIэрегъэхьэ, ахэр хэIущIыIу ищI пэтми, езым къыбгъэдэкIыу зы псалъи зэхэпхынукъым. Аращ мы къаугъэр псынщIэу хэIущIыIу щIэхъуар.

Къэзыбжжэри «щоуэ»

●Iулъхьэхэр

НАIУЭ зэрыхъуащи, Къэрал Думэм унафэ къищтэхукIэ Абрамов Сергей лажьэ хъунут. АрщхьэкIэ Федерацэ Зэхуэсым и щIагъ палатэм лъэIукIэ зыхуигъэзэн и пэ къихуэу СП-м унафэ къищтащ: депутатхэр Iуэхум щыхэплъэнур къэмысу, Абрамовыр пIалъэкIэ трагъэкIын хуейщ и къулыкъум. НэгъуэщIу жыпIэмэ, приватизацэмрэ къэрал мылъкур зэрызэрахьэмрэ кIэлъыплъыным япыщIа къалэнхэр щхьэщахын хуейщ. А къулыкъущIэм дзыхь хуащI хъунукъым икIи абы игъэзэж хъунукъым Степашин Сергей и IуэхущIапIэм.

Абрамовыр Къэзыбж палатэм и аудитору лэжьащ зы илъэсым зы мащIэкIэ щIигъуу. 2001 - 2003 гъэхэм Шэшэн Республикэм финансхэмкIэ и министру, иужькIэ УФ-м и Къэзыбж палатэм и унафэщIым и чэнджэщэгъуу, Шэшэныр зэфIэгъэувэжыным хуаутIыпщ ахъшэр здэкIуэр къэзыпщытэ IуэхущIапIэм и унафэщIу щытащ. 2004 - 2006 гъэхэм Шэшэн Республикэм и правительствэм и унафэщIщ. Уеблэмэ республикэм и президентым и къалэнхэри игъэзэщIащ. ЗдэщыIар щIыпIэ тыншкъым. Абы зыми уэим хуиIакъым - сыт хуэдэу щымытами, жылагъуэр абы щыгъуазэкъым. Ауэ щхьэ къэхъея къаугъэр? Дэ зэрытщIэмкIэ, апхуэдэ къулыкъур пщхьэщахыным т еухуа Iуэхур кърахьэжьэн папщIэ къэралым и унафэщI нэхъыщхьэхэм хъыбар ирагъэщIэн хуейщ. ХуэбгъэфэщэнуI къозэгъ Урысейм и Президентри абы щыгъуазэу щытауэ. Ар арэзы хъуамэ, шэч хэлъкъым Абрамовыр щIытрагъэкIам щхьэусыгъуэ зэриIэм.

Абрамовыр икIэщIыпIэкIэ къикIыжащ Сочи - ар абы щыIат 2014 гъэм екIуэкIыну Олимпиадэм зэрызыхуагъэхьэзыр щIыкIэр къипщытэу. Зигъэсымэджакъым, атIэ зыри къэмыхъуам хуэдэу лэжьапIэ кIуащ. Уеблэмэ, зыгуэрхэм зэрыжаIэмкIэ, IуэхукIэ къулыкъущIэ зыбжанэм яхуэзащ. АрщхьэкIэ прессэм и лэжьакIуэхэм запыIуидзащ. И пэшым щIагъэхьэртэкъым: «хущIыхьэркъым» къыжраIэрти. ЩIых ущIэмыхьэм и щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэтэкъым: е и аудитор лэжьыгъэм, е лэжьапIэщIэ къэлъыхъуэным пыщIат.

Абрамовым и Iуэхур зэрыхъунур зэкIэ зыми ищIэркъым, ауэ абы и блыгущIэтищыр СИЗО-м щIэсщ. НаIуэу зэрыщытщи, япэу ягъэтIысащ СП-м и инспекцэм и унафэщI Гайдуков Юрий - Iу лъхьэу еврэ мелуан къыIихауэ ягъэкъуэншащ. Абы а ахъшэр академик Глушко и цIэр зезыхьэ «Энергомаш» НПО-м и унафэщIхэм къазэрыIэщIигъэкIа щIыкIэр иджыри зэхагъэкI. КъызэралъытэмкIэ, бюджет мылъкур къызэрагъэсэбэпым теухуа къэпщытэныгъэм ипкъ иткIэ ягъэхьэзыра дэфтэрым зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну къигъэгугъат. Гайдуков жеIэ езым щIэпхъаджагъэ имылэжьауэ.

А СИЗ О дыдэм исщ Федерал мылъкум кIэлъыплъынымкIэ департаментым и унафэщIым и къуэдзэ Корягин Василий. Ар «цIэрыIуэ» хъуащ езым и унафэм щIэт Климантов Сергей Iулъхьэу доллар мини 120-рэ къаIихыу ФСБ-м и лэжьакIуэхэм яубыда иужь. Хабзэхъумэхэм зэрыжаIамкIэ, Климантовым Iулъхьэ къыIихащ Корягиным ищIэу.

Мыри телъыджэщ: хабзэхъумэх эм Климантовым и гъусэу яубыдащ... Владивосток и лIыкIуэу Москва щыIэ Дубовицкий Сергей. СыткIэ ар доллар мини 120-рэ хъу Iулъхьэм зэрыхэпщIар?

А упщIэм и жэуапри щIагъуэкъым Къэзыбж палатэм и дежкIэ. Владивосток къызэрыратыкIымкIэ, а къалэм и мэрием и лIыкIуэр зэгуэр езыр а Къэзыбж палатэм щылэжьащ. Уеблэмэ Владивосток кIуауэ щытащ... Къэзыбж палатэм и лIыкIуэу - къалэ бюджетыр къызэрагъэсэбэп щIыкIэр къипщытэн папщIэ. ЩIыпIэ думэм и депутатхэм ящыщ зым и псалъэхэм тепщIыхьмэ, къэпщытакIуэм никъусаныгъэ гуэри къызэрыщимыгъуэтамкIэ абы фIыщIэ къихьащ. Арати, мыгувэу Владивосток и лIыкIуэу Москва ягъэкIуащ.

Пэжщ, КъуэкIыпIэ Жыжьэм кърат ыкIащ Дубовицкий и къулыкъум зэрытрагъэкIам теухуа хъыбар. Ауэ, сыт хуэдэу щымытами, Къэзыбж палатэм аргуэру удын техуащ.

IэщIагъэлIхэм къалъытэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм ящыщхэр иджыри ягъэтIысыну. Хуагъэфащэ а зэманыр мыжыжьэжу. Абы и закъуэкъым.

Иджы дыдэ УФ-м и Генеральнэ прокуратурэм и деж щыIэ Следственнэ комитетым и Москва къудамэм щыжаIащ УФ-м и Къэзыбж палатэм и инспектор Вахонин Илья къызэралъыхъуэр. Ар ягъэкъуаншэ езым и къуэш Антонрэ и ныбжьэгъу Герасимович Владисларэ и гъусэу, илъэс 19 зи ныбжь хъыджэбзым лей зэрырихамкIэ. Ахэр мы гъэм и бадзэуэгъуэм яубыдауэ щытащ, арщхьэкIэ тIур щIэпхъуэжыфащ. Щыри къулыкъущIэшхуэщ. Вахонин Илья Къэзыбж палатэм и къудамэхэм ящыщ зым и унафэщIым и къуэдзэщ, Антон Къэрал Думэм ЩIыуэпс къулеигъэхэмрэ ахэр къэгъэсэбэпынымкIэ и комитетым и аппаратым и унафэщIым и къуэдзэщ, илъэс 22-рэ зи ныбжь Герасимович Владислав Къэрал Думэм и депутатым и дэIэпыкъуэгъуу щытащ. Махуэ зыбжанэ и пэкIэ Къэзыбж палатэм и унафэщI Степашин Сергей къэхъуам теухуауэ мыращ жиIар: «Ди дежкIэ ар напэтехщ, сэ езыр сыадэщ икIи фIыуэ къызгуроIуэ лей зрахам и адэ-анэхэми ягъэкъуаншэхэм я адэанэхэми я гум щыщIэр. Ауэ здэркъым ягъэкъуаншэхэм ящыщ зым хуэгъэзауэ Къэзыбж палатэм и Iуэхур зэхэзыгъэкIахэм тракъузэ хуэдэу ягъэIухэр. Сэ Вахонин Илья инспекцэм и унафэщIым и къуэдзэм и къулыкъум тезгъэкIащ езыр зэрыщIэлъэIуам ипкъ иткIэ. Езыр и къулыкъум текIащ фIэфIу».

Иджыри къэс щыри щхьэхуиту щытащ. Уеблэмэ Iуэхухэр зэхэзыгъэкIхэм зэран яхуэхъурт зэрахуэфIэкIкIэ. Пэжщ, зэкъуэшхэм ящыщ зыр СИЗО-м щIадзащ. Абы и гъусахэр щIэпхъуэжащ.

ДАНИЛКИН Александр.
«Труд»

●Хущхъуэхэр

Езым и ахъшэкIэ

Аптекэм и лэжьакIуэхэм пенсионер Садовин Владимир и чэзум пщIэншэу иратакъым зыхуеину хущхъуэхэр. Иджы абы и мурадщ хущхъуэхэм ятригъэкIуэда сом миниб гъум щIигъур судкIэ яригъэпшыныжыну, апхуэдэу псэкIэ гугъу зэрырагъэхьам пэкIуэу сом мин щэщI къаIихыну.

Садовин Владимир сымаджэщ икIи абы хущхъуэхэр зрихьэлIэн хуей мэхъу и чэзум фIэмыкIыу. АрщхьэкIэ «диIэкъым» жаIэри, ахэр абы кърат акъым махуипщIым къриубыдэу.

- Сэ нэгъуэщI къысхуэнэжакъым хущхъуэ хэр си ахъшэкIэ къэсщэхун фIэкIа. Си щхьэгъусэмрэ сэрэ ахъшэ хъумапIэм хэтлъхьауэ диIэт сом минипщI. Ар ирикъуащ, - къеIуэтэж Садовин Владимир.

Пэжщ, абы имыгъэгубжьу къэнакъым пенсионерыр. Иджы хэтщ ахъшэ фIэкIуэдар судкIэ зыIэригъэхьэжыну.

- Хущхъуэхэр еттыфыркъым, и чэзум къызэрытхуамыутIыпщым къыхэкIыу, - къыдгурегъаIуэ «Омск хущхъуэ» къэрал IуэхущIапIэм и унафэщIым фармацевт лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Свирковэ Ренатэ. - Дэ къэтщэхуу ахэр сымаджэм еттыфынукъым, абыхэм я рынок уасэхэр куэдкIэ зэрынэхъ иным къыхэкIыу.

АрщхьэкIэ Садовиным и сэбэп зыхэлъхэр судым щыпхызыгъэкI Панов Алексей, Медицинэ хуитыныгъэхэмкIэ центрым и Iэтащхьэм, къелъытэ абы а IуэхущIапIэм жэуапыр щхьэщимыхыу.

- Аптекэм и унафэщIхэм льготэ зиIэ псори хущхъуэхэмкIэ къызэригъэпщыну къалэн зыщащIыжащ. Апхуэдэу щыщыткIэ, къызэрагъэпщын хуейщ сымаджэхэм хущхъуэхэр и чэзум яIэрыхьэныр.

- Юристым и псалъэхэм тепщIыхьмэ, Садовин Владимир и Iуэхур судым къыщикIынкIэ гугъапIэ инхэр щыIэщ. МахуипщIым къриубыдэу сымаджэхэм иратын хуейщ абыхэм зэреIэзэну хущхъуэхэр.

Къэдгъэлъэгъуэнщ мыри: мы зэманым Омск и аптекэхэм щызэтрихащ зи пIалъэр икIа льготэ рецепту минитхум щIигъу. Льготэ зиIэхэр хущхъуэхэмкIэ къызэгъэпщыным теухуа программэм ипкъ иткIэ илъэсым и пэщIэдзэм областым хуаутIыпщащ сом мелуан 566-рэ. Аргуэру сом мелуан 335-рэ областым Iэрыхьащ шыщхьэIум и пэхэм.

ДАВЫДОВЭ Светланэ.
«Российская газета».

Индием щыщ Ананд Вишванатан дунейм шахматымкIэ и чемпион хъуащ. Зэпеуэныгъэр Мехикэ щекIуэкIащ. Индием щыщ гроссмейстерыр иужьрейуэ IущIащ венгр Леко Петер. ЗэIущIэр зыри зэрытемыгъэкIуауэ иухащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Ананд очкои 9 къихьащ икIи япэ увыпIэр зэхьэзэхуэм щиубыдащ.

●Шахмат

Индием Iэрохьэ

«МЫР ЧЕМПИОНАТ гугъу дыдэу щытащ. Абы щызэхуэсат нэхъ зэфIэкIышхуэ зиIэ шахматистхэр. Си дежкIэ псом нэхърэ нэхъ гугъуу щытащ мэрем блэкIар. КъызгурыIуэрт чемпион сызэрыхъунур, арщхьэкIэ сезэшыIуат. Иджы си мурадщ зызгъэпсэхуну, си гуфIэгъуэр си телъхьэхэм ядэсIэтыну», - жиIащ дунейм и чемпионым.

Иужь партием Крамник Владимир текIуащ дунейм и кубокыр зыIэщIэлъ Аронян Левон, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу абы и чемпионыгъэр фIэкIуэдащ. «Сэ, щхьэтечу жыпIэмэ, сыарэзыщ си джэгукIамкIэ, арщхьэкIэ зэпеуэм кърикIуахэм арэзы сытехъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Си Iуэху къикIакъым. Абы щыгъуэми, Ананд Мехикэ къыщигъэсэбэпащ дэтхэнэ партиеми щытекIуэнымкIэ иIа сыт хуэдэ Iэмалри. Дауи, Мексикэм щекIуэкIа зэпеуэм къызэщIиубыдэ дэтхэнэ зэIущIэми ди джэгукIам гупсэхуу дыхэплъэжынущ».

Езы Ананд и псалъэхэм тепщIыхьмэ, ар хьэзырщ зи чемпионыгъэр Мехикэ зыщыфIэкIуэда Крамник Владимир бжьыхьэм матч-реванш къыдэджэгуну.

Крамники жиIащ Ананд матч-реванш дригъэкIуэкIыну быдэу зэримурадыр. «Дэ ди партиехэр хьэлэмэту щытынущ. ЖысIэфынущ Анандрэ сэрэ нэхъ шахматист лъэщ мы зэманым щымыIэу. Дэ ди зэпеуэм къигъэлъэгъуэн хуейщ хэт нэхъ лъэщ дыдэми».

Мексикэм шахматымкIэ щекIуэкIа дунейпсо чемпионатым кърикIуахэр мыпхуэдэщ: Ананд - очкои 9, Крамникрэ Гельфандрэ - очкои 8, Лекэ - очкои 7, Свидлер - очкои - 6,5-рэ, Морозевичрэ Аронянрэ - очко хырых, Грищук - очкои 5,5-рэ.

ТРУШИН Георгий.
«Труд».

●Iуэхутхьэбзэхэр

ЩIыхуэшхуэ птелъмэ...

Владивосток щыпсэухэр гузэвэгъуэ хэхуащ: иджы абы щыщхэу автомобиль зиIэхэм я «гъущIышыр» трах коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ къатехуа щIыхуэшхуэм пэкIуэу. Иджы хуабэмрэ псымрэ я уасэхэр зымытахэр къалэм щыдэкIкIэ хуабжьу сакъын хуейщ - лъэсу къагъэзэжынкIэ хъунущ.

НЭХЪАПЭМ приставхэмрэ ГИБДД-м и лэжьакIуэхэмрэ зэтхьэкъур автомобиль къуэдыхэмрэ налогхэмрэ зымытахэрт. Иджы абыхэм хагъэхьащ коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ щIыхуэ зытелъхэри.

Псалъэм и хьэтыркIэ, Владивосток - Хабаровск гъуэгум суд приставхэм щаубыдащ фэтэрыр зэрыхуагъэплъымрэ псы пщтыр зэрыратымрэ пэкIуэу сом мин 26-рэ зымыта цIыхум и автомобилыр.

Зи къалэнхэр зымыгъэзащIэхэр мыпхуэдэ щIыкIэкIэ яубыд. ГИБДД-м и къэпщытакIуэ-утIыпщыпIэ пункту Владивосток ущыдэжкIэ щыIэм щызэхуэхьэсащ щIыхуэшхуэ зытелъхэм я автомашинэхэм я номерхэр зэрыт тхылъхэр.

Ахэр къагъэувыIэри къапщытэ. ИужькIэ щIыпIэм йокIуалIэ суд приставхэр. Языныкъуэхэмпэплъэниxуейкъым - куэдрэ зэгъусэу рейдхэр ирагъэкIуэкI. Сыт хуэдэу щымытами, приставхэр сыт щыгъуи гъунэгъущ.

Ауэ цIыхум автомобилыр трахынкIэ хъунущ гъуэгум темыхьэми. Суд приставхэр гъуэгухэм «щыщакIуэ» къудейкъым - электрокъарукIэ къызэзыгъэпэщ компаниехэм я лэжьакIуэхэм я гъусэу абыхэм унагъуэхэр къызэхакIухь.

Апхуэдэ рейдхэм ящыщ зым и ужькIэ электрокъарумкIэ щIыхуэр итыжыну кIуащ автомобиль зиIэ зы цIыху. Суд унафэ щыIэ пэтми, абы идэртэкъым къытехуа щIыхуэр - сом мини 140-р - итыжын. И мылъкур къыщыхатхыкIым суд приставхэм белджылы къащIащ абы и автомашинэр Японием зэрыщащIар.

Ауэ птраха «гъущIышри» къеIыпхыжыфынущ. Абы папщIэ птелъ щIыхуэр махуипщIым къриубыдэу птыжын хуей къудейщ. А пIалъэм укъимытIасэмэ, уи машинэр ящэнущ.

Энергетикхэрщ псом япэу приставхэм ядэлэжьэн щIэзыдзар. Абыхэм жаIэ мы Iуэхур сэбэп зэрыхъур. Илъэсым зэрыщIидзэрэ абыхэм яIэрыхьэжащ сом мелуан 18.

БОНДАРЕНКЭ Аннэ.
«Российская газета».

Урысейм фыщыщахуэ

● Iэщэ

Москва и гъунэгъу Жуковскэм иджыблагъэ щагъэлъэгъуащ МАКС-2007 авиасалоныр. Абы мелуан куэд и уасэ зэгурыIуэныгъэхэр щызэращIылIащ. Ар ди къэралым и дежкIэ ехъулIэныгъэ инщ. Ауэ дэ зи гугъу тщIынур нэгъуэщIщ. Вэнесуэлэм и президент Чавес Уго телевиденэмкIэ лъэпкъым жриIащ Урысейм Iэщэ къыщищэхуну зэгурыIуэныгъэщIэ зэрырищIылIар. «А IэщэмкIэ дэ ди щIыналъэм гъунэгъу зыкъыхуэзыщI дэтхэнэ империалист бийри дукIыфынущ», - къыхигъэщхьэхукIащ Чавес.

АР ЕЗЫР цIыху гурэпкIырэщ. Языныкъуэхэм деж ищIэнур къыпхуэщIэркъым. Зэрызауэ С У-30МК-2 къищэхуамэ, зыми игъэщIэгъуэнтэкъым. Ауэ ахэр абы иIэщ - нэгъабэ апхуэдэ кхъухьлъатэу 24-рэ зыIэригъэхьащ. Урысейм щищэхуащ вертолет зэмылIэужьыгъуэу 50, Калашниковым и автомату мини 100. Ауэ, Чавес и псалъэхэм тепщIыхьмэ, зыри зыпэмылъэщынур Драгунов и снайпер фоч лIэужьыгъуэхэм ящыщ зырщ. Абы нэрыплъэ, жэщкIэ узэуэр уэзыгъэлъагъу Iэмэпсымэ тетщ. ЩIыдагъэм къыщIах ахъшэм игъэбэта къэралым апхуэдэ фоч мини 5 ищэхуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, иджы Пентагон пIейтIеигъуэ хэхуащ.

Зи гугъу тщIы а Iэщэ лIэужьыгъуэр ипэжыпIэкIэ Iейкъым, уеблэмэ дуней псом щынэхъыфIхэм ящыщу къалъытащ. Румынием абы ещхь Iэщэ къыщыщIагъэкI, «Дракула» фIащауэ. Китайхэм NBM-86, иракхэм «Аль-Кадиш» фIащауэ а фочым ещхь гуэрхэр щащI. Абы щыгъуэми, совет конструктор Драгунов езым и Iэщэр 1962 гъэм къигупсысауэ щытащ. Ауэ иджырей зауэм фочми автоматми куэд щелъытауэ щытынукъым. Абы щыхьэт тохъуэ Америкэм, хьэуамрэ хьэршымрэ къигъэсэбэпурэ, Иракымрэ Югославиеу щытамрэ ярищIар. Аращи, снайпер Iэщэм Чавес империалистхэм ящихъумэфыну къыщIэкIынукъым. Ауэ апхуэдэ Iэщэ щыхуейкIэ епщэ щIэмыхъунур сыт? Ар къыщIэзыгъэкI «Ижмаш» концерныр, дауи, ахъшэ хуабжьу хуэныкъуэщ. Аращи, Чавес и деж и Iуэху къыщикIащ. А псоми къадэкIуэу, автомат мини 100-м къыщIаха ахъшэмкIэ мис а Венесуэлэ дыдэм АК-1003 автоматхэр щащIыну завод щаухуэ.

Хэт хуей нэщанэ еуэну? Фыщыщахуэ Урысейм. Дэ апхуэдэ Iэщэ ди куэдыкIейщ.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Китай

Китайм хыхьэ Тибетыр дунейм и нэхъ лъагэ щIыпIэхэм щыщ щIыналъэщ. Абы щыпсэухэми езыхэм хабзэ щхьэхуэхэр яIэжщ. Апхуэдэщ илъэс къэс мыбы илъэсыщIэм хуэдэу Iэтауэ щагъэлъапIэ Ходоин махуэр - шхум ещхь гъэшхэкIым и гуфIэгъуэр. Псом хуэмыдэу цIыху куэд щызэхуос Дрэпунг къулъшырыф (монастырь) цIэрыIуэм и деж. Абы нэхъ ин тхьэлъэIупIэ Тибетым щыIэкъым. Мис мы гъэми зи гугъу тщIы гуфIэгъуэр хуабжьу щагъэлъэпIащ а къэралым.

●Дзэ

Мы гъэм ираджэхэмрэ етIанэгъэ ар къызыпэплъэхэмрэ

Жэпуэгъуэм и 1-м щIалэхэр дзэм ираджэн щIадзащ. Иджы иужьрей дыдэу абыхэм къулыкъу зэращIэну пIальэр илъэсрэ ныкъуэрэ мэхъу. ЕтIанэгъэ и гъатхэм дашынухэм къулыкъу зэращIэнур зы илъэс къудейщ. Аращи, бжьыхьэми гъатхэми ираджахэм зэгъусэу къагъэзэжынущ. Абы къыхэкIыу мы зэманым дзэм ираджэхэм къалъытэ я жагъуэ къащIауэ.

ГЕНШТАБЫМ зэрыщыжаIамкIэ, псори зэхэту дзэм хагъэхьэнущ цIыху мини 132-рэ 350-рэ - гъатхэм ираджауэ щытам хуэдиз. Нэхъапэм щыIа къалэнхэр зэрыщытауэ къэнэжащ. Псом япэу ахэр ехьэлIащ къулыкъум зыпыIузыдзхэм. Генералхэм къызэралъытэмкIэ, мы зэманым загъэпщкIу ираджэн хуея цIыху мин 12,5-м. Апхуэдэхэм я бжыгъэр мыгъэрей бжьыхьэм куэдкIэ нэхъыбэ зэрыхъунур къэпщIэн папщIэ тхьэгурымагъуэу ущытын хуейкъым. Iуэхур зыIутыр къыбгурыIуэну тыншщ: «зыбгъэбзэхым» етIанэгъэ дзэм узэрыраджэнур зы илъэскIэщ. ЩIэгузэвэн гуэри Iуэхум хэлъкъым: зызыгъэпщкIухэр жэуапым ирашалIэркъым, судым Iуэхур щынэсыр зэзэмызэххэ дыдэщ. Мы гъэм суд зытращIыхьар дзэ къулыкъум ерыщу зыпыIузыдзхэм я процент 1,6-рэщ.

Ар щIалэхэм я напэжщ, арщхьэкIэ къулыкъу щIэным хэлъ гугъуехьхэр ди къэралым и дежкIэ нэхъ напэтехыжщ. УФ-м и Генштабым и къызэгъэпэщыныгъэ-зэщIэгъэуIуэныгъэ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм и унафэщI генерал-полковник Смирнов Василий зэрыжиIамкIэ, дзэм ираджэ дэтхэнэ щIалэ ещанэри къулыкъум къыпагъэкI, и узыншагъэм и щытыкIэр тегъэщIапIэ ящIри. УФ-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм я дзэ-дохутыр комиссэ нэхъыщхьэм и Iэтащхьэ генерал-майор Куликов Валерий и псалъэм тепщIыхьмэ, военкоматхэм илъэс къэс ныбжьыщIэ мин 200-м нэблагъэ ирагъэгъазэ зэрыуэдыкъуам къыхэкIыу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, ирикъуу шхакъым ерыскъы зэрамыIэм къыхэкIыу. Абы и щхьэусыгъуэкIэ, зэрыгурыIуэгъуэщи, лъэрымыхьэщ.

- Апхуэдэхэр дзэм ираджа иужь, япэ мазэхэм егугъуу ягъэшхэн хуей мэхъу, - жиIащ Москва дзэ округым и къарухэм я унафэщI Бакин Владимир. Мыбдежым генералым къыщыхигъэщхьэхукIащ округым къулыкъу щызыщIэну къакIуэхэм я процент 72-р къуажэхэм къызэрыдашыр.

- Мы Iуэхур гузэвэгъуэ дыдэ зыпылъщ, - жеIэ еджагъэшхуэ цIэрыIуэ Гигиенэмрэ сабийхэм я узыншагъэр хъумэнымкIэ институтым и унафэщI Кучмэ Владислав. - Дохутырхэм щIалэр шхын хуэныкъуэу и ныбжьым нэсауэ къалъытэмэ, абы къокI и узыншагъэр мыщIагъуэжу. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, апхуэдэ сэлэтым тэмэму къулыкъу ирихьэкIыфынукъым. Мыр зэуэ цIыхум къыхуэкIуэ узкъым - ар абы зэтрелъхьэ. Дэ едгъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэхэм къагъэлъэгъуащ цIыху лъэрымыхьым узхэр нэхъ хуэлъэу зэрыщытыр. Апхуэдэ щIалэм узэрыщыгугъын щыIэкъым.

Псоми куэд щIауэ ящIэ дзэм нэхъыбэу ираджэхэр къуажэ школхэр къэзыухахэр зэрыарар. Абыхэм я мыгъуагъэр школым тэмэму зэрыщамыгъашхэрщ. Мы Iуэхум илъэс Iэджэ хъуауэ щытопсэлъыхь зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэ куэдым. Роспотребнадзорым зэпымыууэ ягу къегъэкIыж ар. АрщхьэкIэ зыми зыкIи зихъуэжыркъым. Къуажэ щIыпIэхэм пщэдджыжьышхэм щытрагъэкIуадэр соми 3-5-щ, шэджагъуашхэм - соми 10 - 15-щ. Абы щыгъуэми щIыпIэ бюджетхэр зыхурикъур нэхъ хуэмыщIа унагъуэхэм, бын куэд зиIэхэм я сабийхэрщ.

- КъызэрыщIэкIымкIэ, сабийхэмрэ балигъ мыхъуахэмрэ, псом хуэмыдэу къуажэхэм щыпсэухэр, унэми школми тэмэму щышхэркъым, - жеIэ Кучмэ Владислав. - Зи Iэпкълъэпкъым зиужь сабийр зыхуеину мардэхэр куэд щIащ зэрызэхалъхьэрэ. Ауэ сыт мыхьэнэуэ иIэр? Зы тумэнкIэ сыт класс нэхъыжьым щIэсым ебгъэшхыфынур? Къэбыстэ шыуа? Языныкъуэ школ унафэщIхэм я буфетхэм чипсхэмрэ шоколад цIыкIухэмрэ фIэкIа щIэмылъмэ нэхъ къащтэ - ерыскъы пщтыр еджакIуэхэм яхуэбгъэхьэзырыныр нэхъ гугъущ. Дэ къызэрытлъытэмкIэ, школакIуэм къэуат зыщIэлъ ерыскъыуэ сом 40-60 я уасэ щрагъэшхын хуейщ.

Сыт хэкIыпIэу щыIэр? Кучмэ Владислав ар къызэрыгуэкI дыдэ псалъэхэмкIэ къыдгурегъаIуэ:

- Дэ школым екIуалIэ сабий псоми махуэм, зэ нэхъ мыхъуми, ерыскъы пщтыр, лIэужьыгъуищу зэхэт шэджагъуашхэ едгъэщIын хуейщ. Абы папщIэ финансхэм я хэкIыпIэ псори Iуэхум къыхуэдгъэсэбэпыпхъэщ.

- Гъатхэм Къэрал Думэм щытепсэлъыхьащ урысей школакIуэ псоми ерыскъы пщтырхэмкIэ шэджагъуашхэ зэрырагъэщIыну лъэпкъ проект щхьэхуэ зэхэлъхьэным и Iуэхум. Аращ - проектышхуэ яубзыхун е Премьер-министрыщIэм мы Iуэхур къиIэтын хуейщ. Арыншауэ илъэс куэд хъуауэ яхуэзэфIэмыгъэкI Iуэхур - школакIуэр гъэшхэныр - яхуэзэфIэхынукъым.

СУХАЯ Светланэ, ЛУКАНИН Михаил.
«Труд».

МАФІЭДЗ Сэрэбий

Уэрэд макъамэ

Повесть

(Кіэлъыкіуэр. Пэщіэдзэр №№187, 188, 192, 193-хэм итщ).

* * *

ИЖАГЪУЭЩІ Къантемыр и блэкІам, и сабингъэм егупсысыжьыну. Арщхьэкіэ гукъэкІыжхэр хэт зэупщІыр?

Къуэшищрэ зы шыпхъурэ иІащ Къантемыр, анэжь зырызрэ адэкІэ зыуэ. Адэкіэ и кІуэш Хьэрун ныбжьыкІэ Къантемыр къызэрыкІырыкъу щыІэтэкъым. ЖаІэрт, Данизэт щыпсэуми, ПІуш Хьэрун и анэм кІэлъыкІуэу щытаэу икІи Данизэт лъхугъэм щилыкІым, ар уэндэгъу кьишэжауэ.

Хьэрун зэрыщІыкІу лъандэрэ еІуящІэт, къызыхихыр щыхьэгурымыІуэну Къантемыр кьыпетлъэ хьэртэкъым. И анэр «хъэлэлкІэ» еджэми, ар хьэрэмыжьт. Зэхуэзамэ, дэни кьрихат, Къантемыр кьызэреджэр «враг народа» жиІэут. Абы сыт кьыІэрыхьэми Къантемыр кьриутІыпщырт, лъакъуэкІэ къыкІуэщІыпкІэрт, и пыІэр щхьэричуэр зыгуэрэм я хадэм иридзэрт, кІиНуэ: «Фи мыІэрысэр враг народа Къантемыр кьедыгъу. ей-й, марэ»!

Къантемыр и пІэм кьрищу зригъэзэуэн, зригъэфыщІэуэн щхьэкІэ Хьэрун имыщІэ кьигъанэртэкъым: эзм и шабзэр кьригъапщэу, зэми хьэфэ мывэдзымкІэ кьеуэу. Къантемыр, Мачэдинэ зэрелъыщам тету, зигъэтэмакъкІыхьт, дичыхьэу, Хьэрун зыпэщІимысэу: делэм уэ фІэкІ, губзыгъэр езыр кьыпфІэкІынщ, жыхуаІэм тету.

Ауэ кьуажэжьым Іэпхъуэжьным и пэ кьыхуэу, Хьэрун Къантемыр кьыщригъэчащ. Сабийкэр кьызэрыІэри гупитІ зэрыгъэхъуаэу ныджэм пыІэзэфІэхь щыджэгуу, пыІэр кьихьыну жэ Къантемыр Хьэрун кьыпэуври, кьнуІэным и пІэкІэ, и джанэ пщамПІэр нубыдри екІуу зэфІитэщащ, и кІэкъащІэм нэс. Арэ Мачэдинэ и кІуэ Жырасльэн и джанэжьыр зэригъэзэжкІри хуида кьудейуэ. ЩІалэ щыкІу щыгъынышэм нэгъэщІыду дауэ и гум уеуэнт? Къантемыр кьэгубжьауэ Хьэрун ирихухьащ. Арщхьэкіэ, зыкьмащІэжа нэхьеІ, Хьэрун кьэувыІэри, зэуэну и Іэштымитіыр икъуэу кьэуващ. Хьэрун и гугъат Къантемыри апхуэдэу увыну. Арщхьэкіэ Къантемыр уэри Хьэрун и жьэ пхъэбгъур хущІиудащ, кІэлъыуэри и пэм лъы кьрихуэу.

ЩІалэ щыкІуэр щыззэауэкІэ ар хабзэт: зыгуэрым иль кьыкІамэ, адэкІэ пыщэ щыІэтэкъым. ТекІуар йокІуэтыж, хагъэщІар нэ жагъуэкІэ кьышІэплъу псым макІуэри зетхьащІыж. Хьэрун аращ ищІар. ХьуанащІанэуэрэ Къуэнэфыжьым нэсри зигъэкъэбзэжащ. Абы и ужькІэ Хьэрун Къантемыр зыкъыпэщІисэжакъым. Абы удиныфІ лъэІэсат, Къантемыр зэрыпэмытъэщынур хьэкъыу и фІэщ ищІу.

Хьэрун и шыпэхъыщІитІ Хьудрэ Нухьрэ абы зыкІи ещхьтэкъым. Абыхэм Къантемыр ягъэкъуэшырт, жагъуэу кьаІъагъуртэкъым. ТхьэмыщкІэжэр кІуэдыкІей хьуаш, я аХьрэтыр нэху Тхьэм ищІ. А тІум я нэхъуей текІуэу шы фІыуэ ялъагъурт. Зы шыгъажэ бламыгъэкІыу шыгъэжапІэм кІуэхэрти, абы щылажьэ псоми мылищхэми кьацІыхуат, шыхэр Іуми Іэкіэ кьрашэкІыныи дзыхь кьыхуащІырт. Зэгуэрым кьагъэжьну уанэ зытралъхьа шыхэр Іуэ хуэдэу щІам кьыщІришэкІым, Нухь кьаплъэри куэбжэ кьыдыхьэпэнт жеиІ Хьуд мылищ мыщІыху гуэр хэм щауфыдауэ ильэгъуащІ. Ар зэгупсыс щымыІэу, зи Іуми Іэр ІыгъэІ шыр зыгуэрым иритри, и кІуэщІыр кьригъэуТІыпщыжьну кьежжэжьащ:

- Ей, сыт фщІэр? Дэ мы шы къзэыгъажэхэм дыздагъэІэпыкъуу аращ. ДыкъэфщІыхужьыркъэ? Футіыпщ мыр, зо!

Арщхьэкіэ Хьуд кьаутІыпщыжьыным и пІэкІэ, абы и ИтІыр и щІыбымкІэ ирашэкІри яІуэнтІащ, маршынэм ирадзэну чачэу ялъэф. Абыхэм Нухь ятъэщІыхьэри зы мылищм и Іэблэр нубыдащ, кьары хэпЪу кьригъэкІэрэхьуэкІати, мылищэр джаІэри Нухьи абы теуКІуригежащ. АиІахьалыхь, ди пэжьегъуэхэр яукІ, жари шыгъэжапІэм мылищэу итыр «ду» жоуэ кьыІэхуэжэсащ:

- Властым и хуэмакІуэм уи Іэр тепшэщІэнуи?! Мо жьІэмыдаІуэщ укьышІущыжьыкуаи?! Фыдей мыриІ! Мылищэм зэрезаеуэ сэ фэзгъэпъагъунщ!

- Мор си кьуэшщ!

- Кьуэш мыгъуэр сэ уэзгъэщІынщ! ФыззэригъэІущауэ мылищэм фезауэу! Мыдэ сэ фыкьыдэзгъэпъагъ!...

А щІыкІэм тету, лажьэ зимыІэ зэкъуэшитІыр тутнакъэщым ирадзащ. Абыи кьышІынакъым Нухьрэ Хьудрэ я Іуэхур. Властым и лЫкІуэхэм ezэуащ жаІэри, а тІум я судыр псынщІэу яІащ икІи ильэс щырыщІ ятелъу ятІэ тЫысащ. Зэкъуэшхэр, тхьэусыхэжи нэгъуэщІи хамыгъэтІу, я занщІэр я Іуэгъэу Урал щыІэ уран къыщыщІах шахтым яшащ. Абы щІыхум я нжъ узынщэри илъэс щІэтыфІыртэкъым, ураным щІэмэгъэу, кьынтих бзийм иукІыпт. Арат мылищэм зыпызышам илъэс бжьыгъэ куэд щІытрамыльхьэри.

Хьудрэ Нухьри зы илъэси щІэтыфакъым шахтым. Аэр сымаджэ хьуащ. Сэбэп зыпымыльыж щІалитІыр тутнакъэщым щыпІыгъыжкІэ мыхьэнэ льэпкъ иЭжтэкъымэ, аргуэру щІыхугъэ хэпъ хуэдэу, амнистием хэчащ жаІэри кьаутІыпщыжащ. Къэкіуэжэри маз зыкІыгъэ нэхъ зэхуакуэ ямыІэу, лыщх узыр я Іыхьэ хэтти лащ аэр. Зи щІалэгъуэ, зи дахэгъуэ щІалэхэр апхуэдэу кІуэдащ.

Ящэу дунейм ехьыжа Нухь и хьэдэщІэлъхьэм Къантемыр ирихьэлІатэкъым. Ауэ Хьуд и нэщІэбжьым кІуащ. Абы щыгъуэ вэну ежьати, модрейм кІэбгъу зищІри хадэмкІэ ихьащ. Сыт ищІэнт Къантемыр? Абы и адэм сыт щыгъуи зыкъыщедзей.

...Сурэтым зыкъомрэ епІъа нэужь, Мухьэрбэч жиІащ:

- Дахэт, дахащэт, Къантемыр, мы уи анэр. Мыбы и нэпкъпэкъым лейуэ е чэму зы джылъ хуэдиз иІэкъым. ЦІыхум и жьэкъыр пагуэ нэхрэ тІэкІу, мы уи анэм и жьэпкъым ещхьу, кІыхьмэ, зымащІэкІэ папщІэмэ, нэхъ дахэм и мызакъуэу, акъыл ахэм зэрыбгъэдэлъри больагъу. Мыр, зэрызыкІащи, уэзрыхуейм хуэдэу компьютеркІэ пхэущІынщІ. Дауэ нэхъыфІ?

- Хьуну щытмэ, Мухьэрбэч, моуэ тІэкІу нэхъыжьу нэхъ къэсщІэнут. Зы ильэс тІощІрэ пщІыпрэ хуэдэ.

- Ар нэхъыфІщ. Мы уи анэм и ныбжь хъыджэбз щыкІуэхэр, атІэми, абы и зэманым, щтэІэщІтаблэщ. Плъагъуркъэ, ар сурэтми кьыщ. Ильэс тІощІрэ пщІым, плІыщІым итхэр Іэдэбщ, зэпІэзэрытщ. ТІщынщ апхуэдэу.

- Ар мыгугъуэмэ, мы и бостейри апхуэдизу кьыщымылэлу, мы и пыІэри апхуэдизэу кьыщхьэрымыкъуаэ...

- Ар Іуэхуэкьым. Дауэ нэхъ щтэн, мы зэрысцырыкІыщІэр нэхъыфІ хьэмэрэ щхьэжьІэплъыкІэмэ, нэхъыфІ?

- Ари хьуну? ЩхъэжьІэплъыкІэтэмэ...

- Нэхъ елІэлэн хуейщ, ауэ зэлъыпшхуэ щыІэкъым. ТиІыпщ апхуэдэу, ауэ сумыгъэпІащІэ.

- Сыт щхьэкІэ узгъэпІащІэн? УцыхущІыхьэ...

Абы хэту шей ефэгъуэр къэсати, бутькІэ Іэфі, тхьытъмпІэкІсым кІуэщІыпхъу кхъуей тІатІэ ИІыгъэІыу Нафисэт кьыщІыхьащ.

- Уа, сурэт фепІъро? ДэнщыІэ? Мыр сурэтыжьи. Сэ сурэтыжьхэм сепІтыну зыкІэ сфІэфІщІ. Я щыгъыныр, я Іэдэбгъыр, я хьэл-щэнщ сэтеІм телъ хуэдэщ. Музейм кьыІуамэ, аращ нэхъ сыдэзыльхьыр. Хэт мы хъыджэбз дахэ щІыкІур, Мухьэрбэч? И бостейр тІэкІу хуэиныкъуэщІ, ауэ и нэкІур мелыІыкІыщ. Уа, бзыльхугъэ мелыІыкІ щыІаэу пІэрэ? ЩыІа гъэнщ, мыпхуэдэкІр дунейм щытетакІэ. Хэт мыр, Мухьэрбэч?

- Мыр Къантемыр и анэрщ.

Нафисэт къэуІэбжьауэ Къантемыр епІащ, итІанэ сурэтым епІъыжащ:

- Дауэ хьунт? Уэщхьщ, пэж дыдэу. Щыхьджэбз щІыкІуращ дауи. Уи анэр кьолъэуаэу ара сурэрт схутрегъэхьыж, жиІэу?

- Си анэр сиІэжкьым, Нафисэт, - нэщхьеІуэу жиІащ Къантемыр. Сэ дуней гъащІэр кьызитри, езыр ехьыжащ, лъхуГэм иІыкІащ.

- Уа, еууей, кхъыІэ, кьыскуэгъэгъэгъу. СщІакъым, уи фІэщ хьууэ щытмэ, сщІакъым. Сыту хьэлъэу уи гум сеуагъэн! Кьыскхуэгъэгъу, кхъыІэ.

Къантемыр зыгуэр жиІэным нэмысу, Леонидрэ Рэмэзанрэ зы урыс лЫжь я гъусэу кьыщІыхьащ. Сэлам-чэламыр зэфІэкІри, Леонид жиІащ:

- Мухьэрбэч, мыр Иван Сергеевичщ, кьолъэІуну арат и документхэм копие хутепхыну... компьютеркІэ. Си гъунэгъущ.

- ПІыгъ тхьытмпІэкІэ?

- Сыгъ, мис.

- Мыр иджыпсту зэфІэкІынукьым. Хьуну щытмэ, пщэдей мыщІкІэ кьыщІыхьэ. Е... е мы Леонид нестыжьщ.

- Хьарзынэкъэ, Леонид нетыж, си лъакъуэхэр щІагъэкъым. ЛЫжьыжьи ар зэрыжьІэгъэ гуфІэгъэн фымыщІ. Тхьэусхэным ди щхьэр дигъэужэгъащ жьыкІэфэкІэм. Къэралым пенсэм кьыщІигъащІ, лэжьапщІэм хигъэхъуащ, жаІэ... Сыт абы кьыщІаІуэр, сыт зыгъэхъэхуар? МыгъуІуэщ. Американкэм хуэдэу налог дагъэт, улахуэр кьыІэрыдатыр африканхэм ещхьыщ...

- ЛЫжьыкІэм епІыщ, езыхэр зэпІыжькІри, щІалэгъуалэр дыхьэшхащ.

- Совет властым щыгъуэ псэуаэхр, дыгъуахэр иджыри мэпсэу, мэдыгъуэ.

- Иван Сергеевич, орэш зэрымыгъэхь, - жиІащ Леонид.

- Зэрызгъэхьыркъым, Леня. Кьулыкъыщ1эу щытахэм я кьыщат пенсэм хуэдиз фІэкІи прамуку пыкІэжаІэ. Ауэ абыхэм я пенсэхэм кІэрыдзэну кьыхущІагъуэ я кьызатым нэхъэр хуэдищІ плІыкІэ нэхъыбзщ. Ари кьызгуроІуэ. Сыт апхуэдэу ар щыщыІтыр? Сэ хэзлэжькъм, ти гуащІэ дэкІам и Іыхьэ щанэ зымыщІащ абыхэм я нэхъыбэр... Сэ сыт? Си хьэдрыхэ кІуэгъуэщ. ЩІалэгъуалэрщ сфІэгъэныхь хэр. Я кьарур зрахьэлІэн ямыгъэту я щхьэр зэрахьэри дэтщ, иофэ, мэкъуейщІей.

- Иван Сергеевич, унэм щыжьтІэм нэхъри кьыщІыбогъури, - дыхьэшхащ Леонид, лЫжьыр зэпиудри. Арщхьэкіэ мыдрейр кьыІэрыкІат:

- Зымахуэ зыкІомрэ епІъа нэужь, Мухьэрбэч жиІащ:

- Дахэт, дахащэт, Къантемыр, мы уи анэр. Мыбы и нэпкъпэкъым лейуэ е чэму зы джылъ хуэдиз иІэкъым. ЦІыхум и жьэкъыр пагуэ нэхрэ тІэкІу, мы уи анэм и жьэпкъым ещхьу, кІыхьмэ, зымащІэкІэ папщІэмэ, нэхъ дахэм и мызакъуэу, акъыл ахэм зэрыбгъэдэлъри больагъу. Мыр, зэрызыкІащи, уэзрыхуейм хуэдэу компьютеркІэ пхэущІынщІ. Дауэ нэхъыфІ?

- Хьуну щытмэ, Мухьэрбэч, моуэ тІэкІу нэхъыжьу нэхъ къэсщІэнут. Зы ильэс тІощІрэ пщІыпрэ хуэдэ.

- Ар нэхъыфІщ. Мы уи анэм и ныбжь хъыджэбз щыкІуэхэр, атІэми, абы и зэманым, щтэІэщІтаблэщ. Плъагъуркъэ, ар сурэтми кьыщ. Ильэс тІощІрэ пщІым, плІыщІым итхэр Іэдэбщ, зэпІэзэрытщ. ТІщынщ апхуэдэу.

- Ар мыгугъуэмэ, мы и бостейри апхуэдизу кьыщымылэлу, мы и пыІэри апхуэдизэу кьыщхьэрымыкъуаэ...

- Ар Іуэхуэкьым. Дауэ нэхъ щтэн, мы зэрысцырыкІыщІэр нэхъыфІ хьэмэрэ щхьэжьІэплъыкІэмэ, нэхъыфІ?

- Ари хьуну? ЩхъэжьІэплъыкІэтэмэ...

- Нэхъ елІэлэн хуейщ, ауэ зэлъыпшхуэ щыІэкъым. ТиІыпщ апхуэдэу, ауэ сумыгъэпІащІэ.

- Сыт щхьэкІэ узгъэпІащІэн? УцыхущІыхьэ...

Абы хэту шей ефэгъуэр къэсати, бутькІэ Іэфі, тхьытъмпІэкІсым кІуэщІыпхъу кхъуей тІатІэ ИІыгъэІыу Нафисэт кьыщІыхьащ.

- Уа, сурэт фепІъро? ДэнщыІэ? Мыр сурэтыжьи. Сэ сурэтыжьхэм сепІтыну зыкІэ сфІэфІщІ. Я щыгъыныр, я Іэдэбгъыр, я хьэл-щэнщ сэтеІм телъ хуэдэщ. Музейм кьыІуамэ, аращ нэхъ сыдэзыльхьыр. Хэт мы хъыджэбз дахэ щІыкІур, Мухьэрбэч? И бостейр тІэкІу хуэиныкъуэщІ, ауэ и нэкІур мелыІыкІыщ. Уа, бзыльхугъэ мелыІыкІ щыІаэу пІэрэ? ЩыІа гъэнщ, мыпхуэдэкІр дунейм щытетакІэ. Хэт мыр, Мухьэрбэч?

- Мыр Къантемыр и анэрщ.

Нафисэт къэуІэбжьауэ Къантемыр епІащ, итІанэ сурэтым епІъыжащ:

- Дауэ хьунт? Уэщхьщ, пэж дыдэу. Щыхьджэбз щІыкІуращ дауи. Уи анэр кьолъэуаэу ара сурэрт схутрегъэхьыж, жиІэу?

- Си анэр сиІэжкьым, Нафисэт, - нэщхьеІуэу жиІащ Къантемыр. Сэ дуней гъащІэр кьызитри, езыр ехьыжащ, лъхуГэм иІыкІащ.

- Уа, еууей, кхъыІэ, кьыскуэгъэгъэгъу. СщІакъым, уи фІэщ хьууэ щытмэ, сщІакъым. Сыту хьэлъэу уи гум сеуагъэн! Кьыскхуэгъэгъу, кхъыІэ.

Къантемыр зыгуэр жиІэным нэмысу, Леонидрэ Рэмэзанрэ зы урыс лЫжь я гъусэу кьыщІыхьащ. Сэлам-чэламыр зэфІэкІри, Леонид жиІащ:

- Мухьэрбэч, мыр Иван Сергеевичщ, кьолъэІуну арат и документхэм копие хутепхыну... компьютеркІэ. Си гъунэгъущ.

- ПІыгъ тхьытмпІэкІэ?

- Сыгъ, мис.

- Мыр иджыпсту зэфІэкІынукьым. Хьуну щытмэ, пщэдей мыщІкІэ кьыщІыхьэ. Е... е мы Леонид нестыжьщ.

- Хьарзынэкъэ, Леонид нетыж, си лъакъуэхэр щІагъэкъым. ЛЫжьыжьи ар зэрыжьІэгъэ гуфІэгъэн фымыщІ. Тхьэусхэным ди щхьэр дигъэужэгъащ жьыкІэфэкІэм. Къэралым пенсэм кьыщІигъащІ, лэжьапщІэм хигъэхъуащ, жаІэ... Сыт абы кьыщІаІуэр, сыт зыгъэхъэхуар? МыгъуІуэщ. Американкэм хуэдэу налог дагъэт, улахуэр кьыІэрыдатыр африканхэм ещхьыщ...

- ЛЫжьыкІэм епІыщ, езыхэр зэпІыжькІри, щІалэгъуалэр дыхьэшхащ.

- Совет властым щыгъуэ псэуаэхр, дыгъуахэр иджыри мэпсэу, мэдыгъуэ.

- Иван Сергеевич, орэш зэрымыгъэхь, - жиІащ Леонид.

- Зэрызгъэхьыркъым, Леня. Кьулыкъыщ1эу щытахэм я кьыщат пенсэм хуэдиз фІэкІи прамуку пыкІэжаІэ. Ауэ абыхэм я пенсэхэм кІэрыдзэну кьыхущІагъуэ я кьызатым нэхъэр хуэдищІ плІыкІэ нэхъыбзщ. Ари кьызгуроІуэ. Сыт апхуэдэу ар щыщыІтыр? Сэ хэзлэжькъм, ти гуащІэ дэкІам и Іыхьэ щанэ зымыщІащ абыхэм я нэхъыбэр... Сэ сыт? Си хьэдрыхэ кІуэгъуэщ. ЩІалэгъуалэрщ сфІэгъэныхь хэр. Я кьарур зрахьэлІэн ямыгъэту я щхьэр зэрахьэри дэтщ, иофэ, мэкъуейщІей.

- Иван Сергеевич, унэм щыщыхьым щІэ щІэткъым. ГъэщІэгъуэныр гъуанэм ирещи, хьэлэмэтыр матэм ильащ, жьыхуаІэми кьыщынэркъым. Мухьэрбэч лэжьыну и гугъами, дакъыкитху нэхъ дэмыкІыу Къантемыр кьигъэзэжащ, лЫку бжьыфІэ дыдэ, и щхьэщыр ухжьыбзэу тхЪуами, и набдзэгІыр фІыщІабзэу, и нэхэм кьаБзагъэр кьыщІэльдыкІыу, дахэу зэщыхуэпыкІауэ, кьыздишэри. Ар Гъэнгъаэз Беслъэнт.

- Мис Дауо Мухьэрбэчыр, - жиІащ Къантемыр.

- Иджы уэ кІуэ, сыпхуеижкъым, - жиІащ лЫм. Арыщдами щІэкІыжьыну бжэкъуэр зыубыда Къантемыр фІыщІэ хуищІыным и пІэкІэ, лЫм абы жриІам Мухьэрбэч кьигъэтгубкьащ. «УкьыІэзэтъэІну укъэкІуамэ, узгъэщІэхъуаэу ІыбытЪ», - игукІэ мурад ищІащ щІалэм, арщхьэкІэ и пащхьэ кьрагъэхьа тхьытъмпІэм псори ещигъэгъупщжащ. Абы и нэхэр игъэупІэрапІэри тхьытъм аргуэру зэ ятъэщжащ, илъагъур и фІэщ мыхьуу. Бэнплкіэ - инджыпызыбзэкІэ, нэмыцбзэкІэ, франджыбзэкІэ, урысыбзэкІэ - тха тхьытъмпІэм укъигъэуІэбжьу бжьигъэшхуэ дыдэ итт. Мыпхуэдизэ доллари?! Мухьэрбэч урысыбзэкІэ тхам гупсэкуу кьеджащ. Псори зэтехуэрт. ТхьытъмпІэр уэсхтт, Гъэнгъаэз Щыхьымджэрий Беслъэн и кьуэм и щІэнищ и щхьэгъуэ Дисэрэ и дыжьрэ зэгъуэрт, си фІэщ хъур етІуанэрщ. Абы и щыхьэтуи мыр кьэсхьыфынущ. Куэд щІакьым, минрэ щибгъурэ щэщІ гъэм, дыщэр зыхъумахэм яхэта Гъэнгъаэз Щыхьымджэрий Женевэ кьыщыиэхуащ. Абы и Благъэхэм уэсхт кьахуищІри и щІэнинкІэ кьахуигъэнащ. Егъэлеяуэ мыткъуэхуэ. Дэнэ апхуэдиз ахъшэ уряс офицерым, полковникыи щретти, кьыздрихынур? Шэч хэпъкъым ар Арысеим и дыщэ кІуэдам зэрышыщым. Гъэнгъаэз Щыхьымджэрий и уэсэт зи гугъу сщІыр, Женевэ банкым езым и Іэ щІэпъу кьрифэжар, си нэкІэ сльэгъуащ».

- Абы щыгъуэ, - жеІэ Гъэнгъаэз Беслъэн, сэ, дауи, а хьыбар зГъэщІэгъуат, ауэ мыхьэнэщхъэ естакъым. Союзым и гуащІэгъуэт, абы Щыхьымджэрий и щІэнинр, жьыпІэу ущІэупщІэнри зыбукІыжьынри зэхуэдэ пэтьытэт. Сэри аргуэру бэлыхь сыхэхуэну сыхуейтэкъым, абы и Іуэху зесхуакъым. Сыгпи, Москва сыщылажьэурэ си Іуэху ри мыІейуэ зэтеуващ. Дисэ нанэ и дыщэри схъумэрт, зэри гъжьапщІэ хъарзынри кьыСхэхьуэрт. Ауэрэ кьэралым зэхъуэкІынырэхэр кьыщІыхьуу хуеЖьати, си дыщэр сщэри, щІалхъуэ гъэжьапІэ кьыщІэщІэздащ. Ауэрэ Щыхьымджэрий и уэсэтым жэщкІэрэ сепщІыхь хъуащ, си гупсысэм зэкІэрыткъым. Уэсэтым и гугъу кьыСхуэзыщІауэ щыта си етъэджакІуэм зэгуэрым сиІэжьаІуэ лЫы гуапэщхуэ зэри, кьызжеІэ:

- Си адэщхуэм и гукъэкІыжэр кьытрезгъэздэну, тхьытъ щыкІу сщІыну зГъэхьэзыращ. «Арыеим и дыщэр зэрыкІуэдар» Іыьэри хэпщ, арипхъэм кьыщІыуЪуеІуэу зыгуэрхэри щІызгъуІкащ. Уэ ЩыхьымджэрИй и уэсэтым ущІэупщІакъэ?

- ХЬэуэ. Дэнэ сыщІыщІэупщІэну?

- ЩынагъэунщагъэмкІэ къэрал Іуэхущ1апІэм. Араш ВЧК-м и арнивыр здэщІыІэр.

- Абы ущІэупщІэн щхьэкІэ теЪэщІапІэ гуэр уиІэн хуейщ.

- ТегъэщІапІэкъэ си адэщхуэм и гукъэкІыжхэм хэт «Арысеим и дыщэр зэрыкІуэдар» Іыхьэр? Копие тредгъэхьащ.

А щІыкІэм тету Іуэхур зэхэгъэЪ1ын щІэздзащ. Ар Москва щыЗэфІэмыкІыу Женеви сыкІуэн уей хуэщ си адвокатыр си Іыусэу. Иджы Страсбург дыІуэу уэсэтым кьыщІыгъэпъэгъуэ мыткъур си адэ кьуэшым кьыЗэримыдыгъуар зэхэдгъэкІын, р судым хьэкъ ящІытщІын уейщ. Араш мы копиехэм сащІыхуейр. КьэсщІэну схуэзфІэІараш си адэ кьуэшым и счеты Болгарием тыркухэм езауэу щыщІа лъэхъэнэм кьыззэІуат. УЗгъэ хъури, и уэзыншагъэ эфІигъэувэжьну Швейцарием гъэкІуат Щыхьымджэрий. кьытъхэр щыхьэт зэрытехьэмІЪ, абы щыгъуэщ нэхъ ахъшэщ1э банкым щыхьитхъари, Зэмаыр зэпэтъытауэ, си адэ кьуэшым и мыткъур сщІэм зэрейр щІаУэ кьэщІын хуейщ.

Эшелоным и1ъа дыщэм щыщ Щыхьымджэрий кьыІэрыхьами, сыбыр кьыкІыу апхуэдиз гъуэгу ящиЧу, апхуэдизэ кьэрал зэпІупщІу абы куэд кьыхуэхьауэ фІэщ щІыгъуеІуэщ. А дыщэм щыщ Іыщтаэу пщІыпэми, езым ЪыкІэрымыщІу кьыхуэщтэн ящІэрщ абы иІыгъар. Ар банкым хэпъ и ахъшэм еЪыТауэ и кІуэ маШэ дыдэщ.

Щыхьымджэрий тхьэмыщкІэр, большевикхэр щытекІуэм, Швейцарием унэ кьыщищэкурИ гъэнащ. Щхьэгъуэри быни и1ъым. Дунейм зиубЪэрэкІыкъуэ къэкІуэжьым щыгугъыурэ абы щыпІащ, и уэсэтыр кьыгъанэри.

Ар жиІэурэ Гъэнгъаэз Беслъэн къызыкъуНхри доллар щиищ Мъэрэбэч и сТОлым трилъхащ:

- Мыр уи гъэжьапщІэщ.

Доллар щхъуантІэ щІыкІуэхэм Мухьэрбэч зауІкІэ епІащ. Мыбы щхьэжьІэ ар мазитІ енкІэ гъэжьэн хуейщ. Кьищтэн хьэмэрэ кьимыщтэн? ИтІанэ жиІащ:

- Хьэуэ, мыр къщтэж, сыхуейкъым.

- Апхуэдэу думыгъэщІ, уфІэмащІэмэ...

- Сыт жиІэр?!

- АтІэ мыр уи Іэжьыгъэм и уасэу аращ.

- Си гъэжьыгъэм и уасэр сэ соцІэж, Іуэхутхьэбзэ пхуэсщІауэ ПЪыТэ.

- Ари си адэщхуэм и псапэ ирехуу. ДяякІи дыдэхуэззну, дыззэдгъэжьну си гуапэщ, - жиІэри Беслъэн щІэкІыжащ.

* * *

КЪУАЖЭЖЬЫМ щыІэпхъуэжьам, ПІуш къуажэкъм щІапІэ нэщІ кьыщыхуагъэпъэгъуати, ар имыдзу къуажэкІэм тІысат. Абы аркъудеи игу кьыхІэтэжьам и щІалэ Хьэрун и сабийхэр школым кІуэн щхьэкІэ гугъу зэрехьынт. Ар и ныкъэм кьриІуэкІами, и тхьэкІумэ иригъэхьакъым. Псори зэпиІытат. КьуажэжьІэм пэмыжьжьэу чырбыш завод щытщ, адэкІэ псыхьуэм бетон щащІ комбинат дзтэщ, Чырбышфырэм ри пщІэрэ ягъэзыщІ мэкІэ кьищІэу. А фи унэ зэтетыр, кьуТышыфырЪм ещхьу, ар кьыЗэрщІыхьар, фи пщІантІэм ЗэгУм ит кьуалэбзу фІэкІа кьыЗэмыпІъэу... Ар уафэм кьехуэха? Иджы фи пщІантІэм уэшх кьыдзшэр, уэс кьыздзэщІ псынщІэу пщыхьым щхьэкІэ Тыркум кьриша плиткэ щхьэжьІэплъыкІэм и лъабжьэм ток щІишащ. Аэр и улахуэкІэ, мыдыгъуэу ищІауэ жызбгъэІэну ара уи кьУэм? Кьэзыльэфри зыпъэфыжьри ри пщІэрэ ягъэзыщІ мэкІэ кьищІэу. Фэ кьэвдыгъуи елъытауэ...

- А сымыгъуэт, дыгъуКІэ укъызэщу! Ди Тхъэ, дакьинкъэ абы фІэкІа зызмыІэжьэн! Дэнэ щыІэ си сумкэр? ЦІыхущ жиІэу фэ кьыфкІэпъыкІуэр... Си лъапэ афІэкІа мы пщІантІэм кьыдзшиящэ зыльаГъуну пу нэлат кьызрех!

- Куэду фІыщ кьыдумышиемэ! КІуэ, зегъэхь! Ауэ бгъеСІар, мыр зыгуэрым... ИтІанэ депІъыншщ, хэт и бжьыкІэ кьыкьыІ, нэхъ дыкъуакъуэми!

(КьыЗЫкІыуэнущ).

● Щапхъэ

Жьым фымыщI и жагъуэ

Махуэр хуабейми, сыкъыздэкIуа IуэхущIапIэм и пщIантIэм сызэрыдыхьэу си гум псэхугъуэ гуэр зэуэ игъуэтыжат. Сыкъыщыхутар зи хъуреягъыр щхъуантIагъэм зэщIищта, пхъэщхьэмыщхьэ пызу зыпыт жыгхэр екIуу къызэсэкIа лъапсэ екIут. АдэкIэ къыщыт унэр щхъуантIагъэм дахэу къыхэплъырт. Ар зи ныбжь хэкIуэтахэр щапIыж, никъуэдыкъуагъэ зыбгъэдэлъ цIыхухэр здэщыIэ IуэхущIапIэрт.

ЗЭРЫЖАIЭЩИ, Iуэхур фIы хъунуми Iей хъунуми зэлъытар абы и зэхэублакIуэрщ. УнафэщI тэмэм иIэу къыщIэкIащ мы IуэхущIапIэм. А къалэныр илъэс 20-м нэсауэ никъусаныгъэншэу ирехьэкI Абазэ Сусаннэ. А зэманым къриубыдэу Абазэр гугъуехь куэдым, лъэпощхьэпо мыма щIэхэм яIуащ. Ауэ зи лэжьыгъэр, цIыхур фIыуэ зылъагъу бзылъхугъэм мы IэнатIэр иригъэфIэкIуэн хузэфIэкIащ.

- ИгъащIэми адыгэхэм гулъытэ хэха хуащIу щытащ зи ныбжь хэкIуэтахэм. Ап хуэдэ лъэпкъ нэщэнэр ди гъуазэу дахэтщ зи щхьэ къыдэзыхьэлIэ нэхъыжьхэм, - жеIэ Абазэм. - Абыхэм сыт щыгъуи яхуэнабдзэгубдзаплъэщ ди IэщIагъэлIхэр, лэжьакIуэ псори.

Мы зэманым IуэхущIапIэм щапIыж цIыхуи 184-рэ. Абыхэм ящыщу 125-р пIэхэнэщ. Дауи, апхуэдэхэм хэхауэ якIэлъыплъын хуейщ. Абазэм щыгъуазэ сызэрищIамкIэ, зи лъэм зэримыхьэжххэм жэщи махуи я нэIэ трагъэтщ санитаркэхэм, медсестрахэм, дохутырхэм. Унэм щолажьэ терапевтхэр, кардиологхэр, психиатрхэр, психологхэр. НэгъуэщI IэщIагъэлI хуей щыхъум деж, къалэ поликлиникэхэм къраш. Сымаджэщым щIэгъуэлъхьэпхъэхэр абы яшэ. Абы къыщымынэу,

Абазэ Сусаннэ и нэIэ зытетхэм яхуогуапэ.

сымаджэ хъуахэм ящIоупщIэ, гъуэмылэ хуахь, я Iуэху зыIутхэм зыщагъэгъуазэ зэпытщ.

Унэм щыпсэухэм теплъэ гуакIуэ яIэным кIэлъоплъ нэгъуэщI IэщIагъэлIхэр. Апхуэдэу абыхэм къадолажьэ щхьэц щIэзыщэхэр, Iэбжьанэ зыгъэкъабзэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я гъащIэр хуагъэдахэ, щIэщыгъуэ хуащI унэм и библиотекэм и лэжьакIуэхэм, IуэхущIапIэм щыIэ художественнэ самодеятельностым и къызэгъэпэщакIуэхэм. Мазэм и 25-нэ махуэм ирихьэлIэу а мазэм и кIуэцIкIэ къалъхуахэр ягъэлъапIэ, тыгъэ цIыкIухэр хуащI, шхыныгъуэ щIэщыгъуэхэр хуапщэфI, я нэгу зрагъэужь. Апхуэдэу къэрал махуэшхуэхэри ягъэлъапIэ. Унэм щыпсэухэр хуабжьу хуэарэзыщ ахэр къахузэзыгъэпэщ я лэжьакIуэхэу Продайкэ Галинэ, Тенджыз Фаруззэ, Ажыхьмэт Симэ, Ету Музэ, Безыр Хьэрусэт сымэ, нэгъуэщIхэми.

Лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къахэкIащ, зэрахьэ я динхэри зэщхьэкъым мы унэм щыпсэухэм, итIани ахэр зы унагъуэшхуэм хуэдэу зэдопсэу. ФIэщхъуныгъэ лъагэм зи псэр ихьэхуахэм папщIэ унэм щаухуащ мэжджытрэ члисэ цIыкIурэ. Абыхэм я лэжьэкIэм кIэлъоплъ икIи цIыхухэм яхуэзэурэ уазхэм къахуоджэ дин дин лэжьакIуэхэр.

- Ди деж щылажьэхэр къыхащыпыкIам хуэдэу гуузлыуз зиIэ, зэхэщIыкIрэ гулъытэрэ зыхэлъ защIэщ, - пещэ унафэщIым и псалъэм. - Апхуэмыдэуи хъунукъым - дызыдэлажьэр гукIэ, псэкIэ гуныкъуэгъуэ зиIэ цIыхухэщ. Ахэр бзэ IэфIрэ ерыскъы къэуатрэ хуэныкъуэщ. Абыхэм я гъащIэр тэмэму ирахьэкIын папщIэ, дэ тщыщ дэтхэнэри псэемыблэжу мэлажьэ, дыкъэзылъахъэ Iуэху куэд щыIэ пэтми. Апхуэдэщ ди цIыхухэр хущхъуэкIэ тэмэму къызэгъэпэща зэрымыхъур. Мылъку дбгъэдэлъкъыми, жыхапхъэ къудей къэтщэхун е псы къижыпIэр зэдгъэпэщыжын щхьэкIэ, дыпэплъэн хуей мэхъу къэралым къытхуиутIыпщ ахъшэм. Апхуэдэ никъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжыным текIуэдэну мылъкур ди жып къыщитх щыIэщ.

Унэм хэхъуапIэу иIэр и жыг хадэмрэ хадэхэкI щагъэкI щIыпIэмрэщ. Абыхэм къытрах псори унэм щыпсэухэм я Iэнэм тралъхьэ, зыгуэр лей къэхъумэ, ящэри зыхуэныкъуэр къащэху.

- ЦIыху куэд мылъку хьэлэлкIэ, ерыскъыкIэ, щыгъынкIэ къахуоупсэ ди деж щыпсэухэм. Пэжу, япэхэм апхуэдэ Iуэху дахэкIэ къытхуэкIуэр нэхъыбэт, ауэ иджыри гулъытэншэ дыхъуркъым. Апхуэдэу зы илъэс къэмынэу зыкъытщIагъакъуэ Къэрэгъэш къуажэм и администрацэм, абы ЩэнхабзэмкIэ и унэм и лэжьакIуэхэм, нэгъуэщIхэми, - къыхегъэщ Сусаннэ. - Зи мылъку хьэлэлымрэ зэманымрэ емыблэжу ди IуэхущIапIэм хуэгъэза псапэ зыщIэ дэтхэнэми фIыщIэ ин худощI. Тхьэм фиузэщI!

БЭЛЭТОКЪУЭ Светэ.

● ЩIэныгъэ

Етхуанэ зэхуэсым хэтахэр.

НыбжьыщIэхэм я зэфIэкI

КъБКъУ-м Iуащхьэмахуэ лъапэ щиIэ щIэныгъэ комплексым фокIадэм и 26 - 30-хэм щекIуэкIащ ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я етхуанэ зэхуэсыгъуэм и зэIущIэ. Ар траухуащ Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 50 зэрырикъумрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академиер илъэс 15 зэрыхъумрэ.

ЕДЖАПIЭМ кърихьэлIат Урысей Федерацэм и къалэ 13-м къикIа цIыху 57-рэ. Абыхэм я щIэныгъэ доклад 55-м, лекцэу 17-м щыхэплъащ дифференциальнэ уравненэхэм, анализымрэ математикэ моделированиемрэ ехьэлIа Iуэхугъуэхэм.

Лекцэ удэзыхьэххэм зэIущIэм къыщеджахэщ Нэхущ I. (Налшык), Кожанов А. (Новосибирск), Солдатов А. (Белгород), Сербинэ Л. (Ставрополь), Елей В. (Налшык), Мейланов Р. (Мэхъэчкъалэ), Чаадаев В. (Грознэ).

ЕджапIэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и кIэух зэхуэсым унафэ къыщащтащ доклад нэхъыфI зыщIа щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэу Абаполовэ Еленэ (Белгород, БКъУ), Алихъан Анатолэ (Налшык, КъБКъУ), Вендинэ Аллэ (Ставрополь, КИКъТУ), Гъурф Анзор (Налшык, ПМА-м и ЩIКъИ), Дмитриченкэ Дмитрий (ПМА-м и ЩIКъИ) Кузнецовэ Иринэ (Самарэ, СГАСИ), Лосэн ФатIимэ (Налшык, ПМА-м и ЩIКъИ), Шуваловэ Татьянэ (Самарэ, СГАСИ), Ефэнды Беслъэн (ПМА-м и ЩIКъИ) сымэ ягъэлъэпIэну. Абыхэм дипломхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ. Зи цIэ кърaIуахэм я лэжьыгъэхэр «ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ (Шэрджэс) Академием и докладхэр» журналым къытрадзэнущ.

ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я еджапIэм и еханэ зэIущIэр 2008 гъэм и накъыгъэмакъуэуагъуэ мазэхэм урысей-азербайджан симпозиумым хэту Баку щрагъэкIуэкIыну траухуащ.

НЭХУЩ Iэдэм,
ЩIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я еджапIэм и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI.

● Хъуэхъу

Къулъкъужьын Ипщэ дэт курыт еджапIэм и егъэджакIуэ Уэрэзей Соня Умар и пхъур къыщалъхуа махуэщ

Ди гъащIэм нуру щыблэмэ
щIэныгъэр,
Пэжагъ дэ тхэлъмэ,
тхэлъмэ цIыхугъэ,
Ар уи лэжьыгъэщ,
ЕгъэджакIуэ лъапIэ.
ПхуэтщIыну тфIэфIщ
дэ фIыщIэ ину, гуапэу.
Уэ уи гъэсэнхэр, Соня,
дэни щыIэщ,
Хэкум хуэпэж цIыху
щыпкъэхэр къахэкIащ.
А псоми къабгъэдэкIыу
дыноуъэхъуху,
Нобэрей уи махуэшхуэр
угъурлы пхурехъу!

КЪУЭЩIЫСОКЪУЭ ФатIимэ,
АФIЭУНЭ Залинэ.

● Жэпуэгъуэм и 4-р Псэущхьэхэм я дунейпсо махуэщ

Жэуап дохь

XII лIэщIыгъуэм псэуа Ассизский Франциск щихъым псэущхьэхэр фIыуэ илъагъурт, абыхэм я бзэр къыгурыIуэуи къалъытэрт. Жэпуэгъуэм и 4-р Франциск щихъым и махуэу ябж. Ар сытым деж псэущхьэхэм къащхьэщыжу, зэрыхузэфIэкIкIи абыхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуу зэрыщытам къыхэкIыу, абыхэми а махуэр хухахащ.

ХХ ЛIЭЩIЫГЪУЭМ дунейм технологие и лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэшхуэхэр щекIуэкIащ. Абыхэм я зэран екIащ псэущхьэхэм. Псалъэм папщIэ, щIы дагъэр кхъухькIэ кърашэкI. Кхъухьыр кътуэрэ, щIы дагъэр тенджызым хэлъадэмэ, абы хэс псэущхьэхэм я дежкIэ ар щхъухьщ.

Экологхэм къызэрахутамкIэ, махуэ къэс дунейм псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэу тIу-щы токIуэдыкIыж. Нэхъыбэм ар къафIэмыIуэхункIи мэхъу, ауэ ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэурэ екIуэкIмэ, дунейм зыри къытенэжынукъым.

ЦIыхухэм къамыщIэу псэущхьэхэм абыхэм сэбэпынагъ куэд къыхахь, къэхъукъащIэ зэхуэмыдэхэм щахъумэ. Псэущхьэхэр дунейм зэрытекIуэдыкIыжым цIыхум и зэран куэд хэлъщ. Сыт хуэдиз псэущхьэ щакIуэхэм яIэщIэкIуадэр е дыкъэзыухъуреихь дунейм и къабзагъэр къызэрытфIэмыIуэхум дапщэм и ягъэ екIрэ? ЦIыхур езым нэхъ и гъунэгъу дыдэми - хьэмрэ джэдумрэ - тэмэму якIэлъыплъыфыркъым. Абыхэм ящыщ куэд екIуэлIапIэншэу, хьэхэбасэу уэрамым дэтщ, шхынышэу, ветеринар кIэлъыплъыныгъэ ямыIэу. НэгъуэщI щапхъэ: цIыхум и нэгу зригъэужьын папщIэ адакъэхэр, хьэхэр, бдзэжьейхэр зэрагъэзауэ.

Псэ зыIуту дунейм тетым Алыхьым цIыхур нэхъ къыхиIэтыкIащ, абы зэфIэкI нэхъыбэкIэ къыхуэупсащ икIи ар жэуаптакIуэу къигъэщIащ. Абы къыхэкIыу и къалэнщ псэущхьэхэм къащхьэщыжынри, ахэр хъумэнри.

● ПщIэну щхьэпэщ

Бытырыр

НэщIикIыж хьид пщэдджыжьым ирихьэлIэу муслъымэн псоми бытырыр ятыну я боршщ, ар яхузэфIэкIыну щытмэ. Бытырыр ятыну къатохуэ балигъ псоми. А къалэныр яхуэгъэзэщIапхъэщ сабийхэми, зи акъылыр мытэмэмхэми. Мы гъэм бытырыр яубзыхуащ сом 25-рэ хъууэ - нэхъыбэ птыми хъунущ.

ХЬИД МАХУЭМ и пэ къихуэу бытыр зымытахэми ар я боршу къонэ къыкIэлъыкIуэ махуэхэм (е щахузэфIэкIым) ятыжыпхъэу.

Нэхъ псапэщ хьид пщэдджыжьым нумыгъэсу, нэщI мазэм кърибубыдэу, мы Iуэхур бгъэзэщIэныр.

Бытыру птыну къигъэлъэгъуар гъавэхэкIращ. Гуэдзмэ (е абы и хьэ жыгъэмэ) цIыху къэс килограммитI, хьэмэ е нэгъуэщI гъавэхэкIмэ - килограммиплI хуозэ. Дурысщ гъавэм и уасэр ахъшэу птынуи. Ар икIи нэхъ лъапIэщ гъавэ щыщыIэ зэманым деж. Бытырым хуэзэ ахъшэр зытепщIыхьынур нэщIикIыж хьид пщэдджыжьым гъавэхэкIхэм яIэ уасэрщ. Нэхъ ипэкIэ птауэ, а пщэдджыжьым гъавэхэкIхэм я уасэхэм хэхъуауэ щытмэ, бытыру птам хуэчэмыр щIыбгъужыпхъэщ. Бытырыр епт хъунущ сэдэкъэ зрат къулейсыз псоми, зеиншэхэми, никъуэдыкъуэу зи Iыхьлым ямыпIыжыфми, ахэр уи Iыхьлы дыдэу (къыбдалъхуауэ, укъэзылъхуауэ, уи адэшхуэу е анэшхуэу, уи быну, уи къуэрылъху-пхъурылъхуу) щымытмэ.

ЦIыху зыбжанэм я бытырыр зы къулейсызым ират хъунущ. Ауэ зы бытырыр цIыху зыбжанэм яхуэбгуэш хъунукъым.

БытырымкIэ Тхьэм и унафэр къехащ Рэмэзан нэщIыр фарз щыхъуа гъэм (сэджыт птыныр фарз хъуным и пэкIэ). Бегъымбарым цIыхухэр къыхуриджэу щытащ НэщIикIыж хьидыр къэсыным махуитI иIэжу я бытырыр ятыну. НэщIикIыж пщэдджыжьми цIыхухэм яжриIэрт хьид нэмэзыр щIыным щIамыдзэ щыкIэ, бытырыр зымытам ятыну, езыми и IэмкIэ мылъкур яхуигуэшырт къулейсызхэм, «Ял-лыхь, мыхэр бей щIы» - жиIэурэ.

НэщIа цIыхум бытырымкIэ къыхуогъу мыхъумыщIагъэ жиIэурэ (убэурэ) къихьа гуэныхьхэр. Бытырым и фIыщIэкIэ НэщIикIыж махуэшхуэм къулейсызхэри ирохьэлIэ яшхын яIэу, зэрыжаIэщи, я ныбэ мыникъуэу.

Iимамышхуэ Iэбу-Хьэнифэ (зи мэсхьэбым дытетым) фIэдурыст, нэгъуэщI Iимамхэр акъылэгъу къыдэмыхъуами, мымуслъымэн къулейсызхэм бытырыр лъыгъэсыныр. Апхуэдэ гупсысэр къыщокIуэ КъурIэн ЛъапIэм и «Iэл-Бэкъэрэ» («Жэмыр») сурэм и 272-нэ Iэятым хуатха тафсирхэм (ухэзыгъэгъуазэм).

Абы и щхьэусыгъуэр уи гъунэгъу къулейсызыр къэбгъанэу нэгъуэщI хьэблэхэм хуэмыщIауэ щыпсэу муслъымэнхэр къыщыплъыхъуэныр мытэмэму къызэрилъытар арауэ къыщIэкIынущ. Гу зылъытапхъэщ лъэIуакIуэ къыпхуэкIуа цIыхур, къулейсызыр, нэгъуэщI диным итми, пхузэфIэкIынумэ, сэдэкъэкIэ е езыр къыщIыпхуэкIуамкIэ бгъэщIэхъу мыхъуну муслъымэныгъэм къызэригъэуври.

ПЩЫХЬЭЩIЭ ЛатIиф.

Жэпуэгъуэм и 4-м илъэс 50 ирокъу щIым и япэ спутник IэрыщIыр хьэршым зэраутIыпщрэ.

1957 ГЪЭМ и гъэмахуэ мазэм Москва щызэхэтащ дунейпсо щIалэгъуалэ фестиваль. ЩIэныгъэмкIэ республикэ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм сызэрыхэтым папщIэ а фестивалым сагъэкIуат. Апхуэдэ щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэу Москва цIыху 23-рэ дыщызэрихьэлIат. Ди пащхьэ къыщыпсэлъащ щIэныгъэлIхэри щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэри. Абы щыгъуэм академик Зельдович къыджиIат, дуней псом зэи къыщымыхъуауэ, ди щIэныгъэлIхэм щIым и япэ спутник IэрыщIыр яутIыпщыну зэрызагъэхьэзырыр. Апхуэдэу абы зэхэхауэ къытхуиIуэтащ щIым и япэ спутник IэрыщIыр зыхуэдэмрэ абы игъэзэщIэну къалэнхэмрэ.

Москва дыкъикIыжа иужь, ЩIэныгъэмкIэ республикэ зэгухьэныгъэм къысхуигъэуват совет щIэныгъэмрэ техникэмрэ я зыужьыныгъэхэм теухуауэ районхэм лекцэ сыкъыщеджэну. Къыхэгъэщыпхъэщ мотори дами зытемыт, гъущIым къыхэщIыкIа шарым къемыхуэхыу уафэм къыщилъэтыхьыныр абы щыгъуэм цIыху куэдым я фIэщ зэрымыхъуар. Дзэлыкъуэ куейм щыIэ МТС-м и тракторист гуэрым, а хъыбарыр щахуэсIуатэм, «ПцIыщ!» - жиIэри къыхэкIиикIат.

Жэпуэгъуэм и 4-м пщэдджыжьым радиом къитащ килограмм 83,6-рэ зи хьэлъагъ щIым и япэ спутник IэрыщIыр зэраутIыпщам теухуа хъыбарыр. Газетхэм къытехуат щаутIыпща зэманри, щIыпIэри, зэрызиIэтыну лъагагъри, сыт хуэдиз сыхьэт бжыгъэкIэ абы ЩIы хъурейр къиилъэтыхьынуми. Абыхэм япкъ иткIэ сэ къэзбжат спутникыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхьэпрылъэтыкIкIэ, республикэм щыпсэухэр абы щыкIэлъыплъыфыну зэманыр икIи сыгузавэу сежьэрт школым и директору

● Нобэ

Хьэршым кIуэ гъуэгу

сызыщылажьэ Александровскэ станицэм ар къыщыблэгъэну дакъикъэхэм. Сыхьэт бжыгъэр пэжу зэпэслъытауэ къыщIэкIри, станицэм щыпсэухэми, адрей жылэхэм дэс цIыху мин бжыгъэхэми ялъэгъуащ спутникыр.

Абы и ужькIэ сэ аргуэру къызэлъэIуат районхэм сыкIуэу щIым и япэ IэрыщI спутникым, абы хьэршыр къызэригъэIурыщIам т еухуауэ лекцэ сыкъеджэну. Апхуэдэу ДзэлыкъуэкъуажэкI сыщыIэу сигу къызогъэкIыж мазэрэ никъуэ и пэкIэ я деж сыкъэкIуауэ абы и гугъу щахуэсщIым, зыгуэрым хъыбар нэпцI яхуэсIуатэу къызэрызжиIар. Пэшым щIэсхэр щыдыхьэшхым, зы тракторист къэтэджри жиIащ: «Сэрат апхуэдэу жызыIар. Къысху эгъэгъу. Си фIэщ хъуртэкъым апхуэдэ шарым къилъэтыхьыну икIи макъ телъыджэхэр ЩIым къиутIыпщыну».

Мыбдежым къыхэгъэщыпхъэщ 1957 гъэр метеорологхэм я дунейпсо илъэсу зэрыщытар икIи къэралхэр зэрызэгурыIуам тету япэ Америкэм спутник иутIыпщын зэрыхуеяр. Ауэ а зэманым абы и щIэныгъэмрэ техникэмрэ апхуэдэ къалэным пэлъэщакъым. Абы къыхэкIыу совет цIыхухэр щыгуфIыкIыу, дуней псом ягъэщIагъуэу, ди къэралым япэу хьэршым гъуэгу щыпхишащ. Мазэ нэхъ дэмыкIыуи, щэкIуэгъуэм и 3-м, ди щIэныгъэлIхэм щIым и етIуанэ спутник IэрыщIыр хьэ ису яутIыпщащ. А щыкIэм тету, хьэршыр джынымкIэ ди къэралыр дунейм пэрыт щыхъуащ.

ПОЛИЩУК Иван.

● Хъыбар гуапэ

ЕтIуанэ увыпIэр къыхуагъэфащэ

ФокIадэм и 28 - 30-хэм Рязань къалэм щекIуэкIащ япэ урысейпсо телевизионнэ фестиваль. Ар къызэрагъэпэщат «Россия» ВГТРК-мрэ УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ.

ТЕЛЕРАДИОКОМПАНИЕ 46-м я журналистхэр зыхэта, лэжьыгъи 100-м щIигъу утыку къыщрахьа зэпеуэм ди республикэм къыбгъэдэкIыу хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и телевиденэм и лэжьакIуэ Ярославская Маринэ.

Фестивалым хэтахэр Федеральнэ лъэпкъ проектхэм япкъ иткIэ узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, АПК-м зэрызаужьыр, псэупIэхэр зэрахуэр телевиденэм къызэрыщагъэлъагъуэм теухуауэ зэпеуащ.

Маринэ игъэхьэзырар Бахъсэн районым ит курыт еджапIэхэр егъэджэныгъэм и иджырей IэмалыщIэхэмкIэ, информационнэ технологиехэмкIэ къызэрызэгъэпэщам теухуа нэтынрати, егъэджэныгъэ унэтIыныгъэм хиубыдэу етIуанэ увыпIэр къыхуагъэфэщащ. Иджы япэу къызэрагъэпэща фестивалыр дяпэкIэ илъэс къэс екIуэкIынущ. Телевиденэм и лэжьакIуэхэр жэрдэмышхуэ яIэу зэпеуэм хэтащ, творчествэ и лъэныкъуэкIэ Iэзагъышхуэ зыхэлъ лэжьыгъэ купщIафIэ куэди утыку кърахьащ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Гузэвэгъуэ къызылъыса цIыхум и псэм тыншыгъуэ гуэр ебгъэгъуэтыным нэхъ псапэ щыIэу къыщIэкIынкъым. Абы и лъэныкъуэкIэ, псом хуэмыдэу, лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкI медицинэм и лэжьакIуэхэм. Узым къыхигъэзыхьу зи щхьэ къезыхьэлIа цIыхум и гукъыдэжыр къэIэтыжыныр я къалэн нэхъыщхьэщ абыхэм. Ауэ, пэжщ, тыншкъым, псоми зэхуэдэу я арэзыныгъэр къэблэжыныр. Нобэ си тхыгъэ кIэщIым зи гугъу щысщIыну дохутырхэр зэIэза сымаджэхэм абыхэм я щытхъу псалъэ жызымыIа яхэту си фIэщ хъуркъым. Абыхэм я лэжьыгъэм хуаIэ бгъэдыхьэкIэр иджыблагъэ ди унагъуэм дгъэунэхуащ.

● ФIыщIэ

И щхьэ Iуэхур япэ иригъэщыркъым

СИ ТХЬЭМАДЭ МахуэлI Хьэсэн Жантемыр и къуэр инсульт иIэу мазэкIэ Дзэлыкъуэ район сымаджэщым терапиемкIэ и къудамэм щIэлъащ. Дохутыр Iэзэхэу ЛъэнкIэпIашэ Мухьэрбийрэ Аслъэн Майерэ абы и узыр щхьэщахынымкIэ яхузэфIэкI къагъэнакъым. Я нэIэ щIэтхэм гущIэгъу хуащIу, цIыхугъэ кIэлъызэрахьэу, жэщ-махуэ жамыIэу я зэманыр сымаджэщым щагъакIуэ абыхэм.

Псом хуэмыдэу гугъу зыкъыддригъэхьащ Мухьэрбий. ЛъэнкIэпIашэм зи щIылъэныкъуэр къызыдэмыбзыж, зи бзэр иубыда сымаджэр къызэфIигъэувэжащ икIи къигъэпсэлъэжащ. Мухьэрбий и щхьэ Iуэхур япэ иримыгъэщу, сымаджэм и узыр зэрыщигъэпсынщIэнум хущIэкъуу, и нэщхъ зэхэлъ дымылъагъуу, и псалъэ гуемыIу зэхэдмыхыу мазэкIэ къыдэлIэлIащ.

Отделенэм и лэжьакIуэхэу гугъу зыкъыддезыгъэхьа псоми фIыщIэ яхудощI. ЛъэнкIэпIашэ Мухьэрбийрэ Аслъэн Майерэ гукIи псэкIи зыпэрыт я IэнатIэм я пщIэр щылъагэу, я цIэр фIыкIэ куэдрэ ираIуэну ди гуапэщ.

МАХУЭЛI ФатIимэ.
Къамылыкъуэ къуажэ.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

ЩIэныгъэлI, тхакIуэ цIэрыIуэ Шортэн Аскэрбийрэ Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Сонэ Мухьэрбийрэ. *1967 гъэ*

Дунеймрэ Дэрэ

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхухэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмкIэ и къэрал комитетым «ЩIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ институт» жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ «ЩIэблэщIэ гвар дие» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и щIыналъэ къудамэмрэ я гъусэу 2007 гъэм фокIадэм и 1-м къыщыщIэдзауэ дыгъэ-гъазэм и 15-м нэсыху ирегъэкIуэкI «ЦIыхубэ милиционер» къалэпсо жылагъуэ лэжьыгъэр.

АР ХУЭГЪЭЗАЩ Налшык къалэм щыпсэухэр, псом япэу щIалэгъуалэр, милицэм и участковэ уполномоченнэхэм зэрапыщIар гъэбыдэным.

Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ органхэмрэ Налшык щыпсэухэмрэ я жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэм зегъэужьыным щIэгъэкъуэн хуэхъуну къалъытэ пIащIэгъуэхэм деж къагъэсэбэпын телефон линэ къызэгъэпэщыныр, «Къэбэрдей-Балъкъэр. Дунеймрэ Дэрэ» (www.sk-news.ru) Web-сайтым и форумым темэхэр щыубзыхуныр, пощт абонемент

● ЦIыхубэ милиционер

ашык къызэIухыныр.

Мы Iуэхур зыхуэгъэза мурадхэм, абы ипкъ иткIэ зыхуагъэувыжа къалэнхэм, лэжьыгъэхэр зэрекIуэкI щIыкIэм, абыхэм къарикIуахэм жылагъуэр щыгъуазэ ящIынущ телевиденэрэ радиокIэ, апхуэдэу печатымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ электрон IэнатIэхэмрэ къыщытрадзэнущ.

Налшык къалэм щыпсэухэр, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэр, хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ хъумэным хашэн папщIэ социальнэ рекламэхэр (аудио-видео роликхэр, нэрылъагъу материалхэр, статьяхэр, репортажхэр) ягъэхьэзырынурэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къатынущ. Милицэм и участковэ уполномоченнэхэм я хуитыныгъэхэмрэ къалэнхэмрэ къэзыгъэлъагъуэ буклетхэр, апхуэдэу милицэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и «Дзыхь» IуэхущIапIэм, зи гугъу тщIы акцэм и къызэгъэпэщакIуэ гупым зэрызэпащIэнум теухуа хъыбархэр традзэнущ.

Зи гугъу тщIы Iуэхум кърикIуахэм япкъ иткIэ ягъэпэжэнущ Налшык къалэм и участковэ уполномоченнэ нэхъыфIхэр. Абыхэм иратынущ жылагъуэм я деж пщIэ зэрыщаIэр къэзыгъэлъагъу э «ЦIыхубэ милиционер» саугъэтхэр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Жыласэ Маритэ, Ныбэжь Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 42-06-51, 42-19-59.
Газетыр щэнымкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.
Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхьэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Истепан Залинэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2,3-нэ нап.),* ПхытIыкI Юрэ *(1,4-нэ нап.),* корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Йуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ:* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, *сурэтыщI* Бицу Жаннэ.
Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 10.045 ● Заказ №2907